**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**МИЛЛИЙ ИДЕЯ, МӘНАЎИЯТ ТИЙКАРЛАРЫ ҲӘМ ҲУҚЫҚ ТӘЛИМИ КАФЕДРАСЫ**

# «ЖАДИДЛЕРДИҢ АҒАРТЫЎШЫЛЫҚ ҲӘРЕКЕТИ»
## ПӘНИ ЛЕКЦИЯЛАР ТЕКСТЛЕРИ

***Таярлаған:*** ***А. Наўбетуллаев***

**Нөкис-2011**

Кирисиў

Өзбекстан халықларының өтмиш тарийхына нәзер салатуғын болсақ, бул үлке халықлары оғада бай руўхый, тарийхый, мәдений мийрасқа ийе халықлардан болып есапланады. Бугинги Өзбекстан Республикасының барлық тараўларында бизлердиң көз алдымызда ҳәм өзлеримиздиң тиккелей қатнасыўымызда үлкен унамлы өзгерислер жүз бермекте. Ғәрезсизлик шарапаты менен республика ден-саўлықты саклаў, билимлендириў, экономика ҳәм тағы басқа да тараўларда қайта қарап шығыўлар, қайта ой жүритиўлер даўам етип, жаңадан-жаңа дәстүрлер, нызамлар қабыл етилмекте.
Мәмлекетимиз президенти И. А. Каримов 1993-жыл 28-сентябрь, Б.М.Ш ның 48-сессиясында жасаған баянатында, Өзбекстанды дүньяға ең әййемги ҳәм ең жас мәмлекет сыпатында танытты . Өзбекстан халқы өзиниң бир неше мың жыллық тарийхына ийе. Үлкемиз халықлары өз өмирлери даўамында, ҳәр қыйлы мәмлекетлердиң қол астында өмир сүрди ҳәм барлық ўақытта басқыншыларға карсы миллий азатлық гүреслерин жүргизип келди.Үлкемиз халықлары б.э.ш ги IV әсирде А. Макендонскийдиң жаўлап алыўшылығын бастан кеширген болса, эрамыздың VIII әсиринде ямаса 705-715- жыллар аралығында Кутейба ибн Муслим басшылығындағы Араб жаўлап алыўшылығын, XIII әсирде Шынғысхан басшылығындағы монголлар жаўлап алыўшылығын бастан кеширди.
XIX әсирдиң 60-80-жылларында Түркстан үлкеси Россия империясының колониясына айландырылды. Бул жаўлап алыўшылар тек ғана үлкемиздеги сиясий ҳәкимиятты ғана ийелеп алыўға еристи, халқымыз өзлериниң үрип-әдет дәстүрлерин, миллий қәдириятларын әўладтан-әўладқа жеткерип бүгинги күнге шекем сақлап келди.
Эрамыздан алдынғы 530-жылларында массагетлер жолбасшысы Малика Тумарис, Кир II басшылығындағы шет еллик басқыншыларға қарсы гүресте қаҳарманлық үлгилерин көрсеткен болса, А. Македонскийге карсы гүресте Спитамен өз ерликлерин көрсете алды.
VIII-әсирдиң басларында араб басқыншыларына қарсы 10 жылдан артық даўам еткен халық қозғалаңларына Муқанна басшылық қылды. Бул қозғалаң кейинги әўладлар ушын халқымыздың еркинлик, азатлық ҳәм ғәрезсизлик жолында алып барған гуреслеринде әҳмийетли басқыш болды.
XIII-әсир басларында Шыңғысхан басшылығындағы монгол басқыншыларына қарсы Темур Малик, Шайх Нажмиддин Кубра, Жалаладдин Мангуберди қаҳарманлықлары тиллерде дәстан. Нажмиддин Кубра халықты монгол басқыншыларына қарсы «Я өмир, я өлим», «я ўатан, я шарапатлы өлим» деп гуреске шақырды. Жалаладдин Мангуберди ерлиги ҳаққында Шыңғысханның өзи «Атадан дүньяға еле бундай ул туўылмаған, ол саҳрада арыслан сыяқлы жеңимпаз әскер, дәрьяда болса кит сыяқлы батыр» деп таң қалып айтқан сөзлери тарийхый дереклерден мәлим.
Президентимиздиң атап өткениндей «Өзбекстанның бугинги азатлығын беккемлеў дәўиринде, Амир Темур биз ушын мәмлекет тийкарын салыўшы сыпатында қәдирли. Ол мәмлекет тырнағын қурған, ,мәмлекеттиң ҳуқықый тийкарларын пайда еткен, оның мәмлекетшилик ҳаққындағы пикирлери тек ғана өз дәўири ушын ғана емес, бәлки келеси әўладлар ушында үлкен әҳмийетке ийе». *(И.А.Каримов Маънавий юксалиш йўлида Т. Ўзбекистон 1998-й 410-бет.)*
XIX-әсирдиң 60-80- жылларында Орайлық Азияны Патша Россиясы өзине бағындырып алды. Патша Россиясының зулымлығына қарсы Орайлық Азияда тынымсыз халық көтерилислериниң болып турғанлығы тарийхый ҳүжжетлерден бизге мәлим. 1892- жылы Ташкент көтерилиси, 1898-жылы Андижанда Мадели Ишан көтерилиси, XX-әсир басларында Намаз батыр басшылығындағы Самарқанд ўалаятындағы көтерилис, 1916-жылы Туркстанда жаўлап алыў зулымлығының күшейиўине байланыслы

көтерилислердиң жаңа толқынларының басланыўы тарийхтан белгили. 1916- жылғы Жиззақ көтерилислери, халкымыздың азатлықты суйиўши халық екенинен дерек береди.
XIX-әсир ақыры XX- әсир басларында Туркстанның сиясий турмысында жадидшилик ҳәрекети кең түрде тарқала баслады. Бул ҳәрекеттиң белгили ўәкиллери Маҳмудхожа Беҳбудий, Абдурауф Фитрат, Абдулла Авлоний, Абдулҳамид Чулпан, Абдулла Қадирий, Мунаввар Қари, Убайдулла Хожаев, Палуанияз Ҳажы Юсуповлар өз алдыларына жергиликли халықты билимли, саўатлы қылыўды, патша жаўлап алыўшылығына қарсы миллий ғәрезсизлик ушын гурес алып барып, еркинлик ҳәм азатлыққа ерисиўди тийкарғы мақсет етип қойды. XX-әсирдиң 20-жылларына келип Орайлық Азия ҳүкиметиниң жаңа басып алыўшылық сиясатына қарсы азатлық ҳәм ғәрезсизлик ушын гүреслер ҳәўиж алды. Бул ҳәрекетлердиң басында Эргаш, Мадаминбек, Шермухаммед, Ибраҳимбеклердиң турғанлығы тарийхый мағлыўматлардан белгили. Бул азатлық, еркинлик ҳәм ғәрезсизлик ушын гурес жүргизген топарлар басшыларын коммунистлик идеология ҳәм коммунистлик сиясат «Баспашы»лар деп атады.
Бул жерде бир әҳмийетли пикирди айтып өтиў зәрүр. Гүреслер отында неше мәрте күйип жанған бул теберик ўатан, сондай аўыр, мүсийбетли, тарийхымыз даўамында да дүньяға белгили, жәҳән илим хәм әдебиятына өзиниң мүнәсип үлесин қосқан данышпан алымларды жетистирди.

Ал Хорезмий, Ахмад ал Фарғаний, Абу Райхан Беруний, Абу Али ибн Сино, Имом ал Бухарий, Матурудий, Мырза Улуғбек, Алишер Наўайы, Мухаммед Бабурлар халқымыздың мақтаныш тулғалары болып қалады. Президентимиз И.А. Каримов 1998-жыл 26-июлда алымлар менен болған ушырасыўындағы «Тарийхый яднамасыз келешек жоқ» баянатында, «Аяўсыз дәўир сынаўларынан аман қалып бизге шекем келип жеткен, ең әййемги, медицина, дийханшылық , шарўашылыққа тийисли қол жазбалар бизиң руўхый мийрасымыз» есапланады. Бундай руўхый мийраслар дүньяның барлық еллеринде ушыраса бермейди деп көрсеткен еди.
«Путкил өмирин ийман ҳәм исеним, ўатансүйиўшилик ҳәм инсаныйлық, пәклик ҳәм ҳадаллық , илим ҳәм ағартыўшылық, әдиллик ҳәм диянат жолында пидә еткен инсанлардың қәсийетли рухлары макан тапқан жер ғана муққадесдур. Егер сондай инсанлар болмаса , олардың даналық нәпеси сезилип турмаса , ҳәр қандай жер әпиўайы топырақ болып қала береди.» *(И.А.Каримов Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурамиз Т. Ўзбекистон 1999-жыл 184-бет).*
Студент жасларымызға Ўатанымыз ғәрезсизлигиниң аңсатқа түспегенин, ғәрезсизлик жолында бир неше әўладларымыздың қуўдалаўға ушырап бийгүна қурбан болғанын, бирақ соған қарамастан үлкемиз халықларының барлық ўақытта миллий азатлық гуреслерин жүргизгенлигин, мәлим бир дәрежеде жеңиске ерискенлигин, ғәресизлик ҳаққындағы идеялардың пайда болғанын, ҳәм илимге мудам умтылып келгенин жаслардың санасына сиңдириў мақсетинде «Түркстан жадидлердиң ағартыўшылық ҳәрекети» курсы бойынша қарақалпақ тилиндеги оқыўлық қолланбаны усынып отырмыз.

**Жадидшилик ҳәрекети пайда болмастан алдыңғы Туркстандағы тарийхый, сиясий жағдай.**

1 XIX-әсирдиң ақырындағы Туркстандағы сиясий жағдай
2 Үлкемиздиң Россия империясы тәрепинен жаўлап алыныўлары
3 Туркстанның Россия шийки зат базасына айландырылыўы

Ғәрезсизлик елимизге, миллетимизге, өзликти, ийман исенимди қайтарып берди, ғәрезсизлик себебли халқымыз өз тәғдирин өз қолына ала алды. Совет дәўиринде коммунистлик идеология ҳәм коммунистлик сиясат себепли бурмалап көрсетилип келген ўатанымыз тарийхының жаңа бетлерин жаратыў имканиятына ийе болдық. Бундай имканиятлардың пайда болыўын халқымыз сәл- кем бир әсир даўамында күтти. Ўатанымыз тарийхының XIX- әсир ақыры ҳәм XX-әсир басларындағы ўақыялар жадидшилик ҳәрекети тарийхы менен тығыз байланыслы. Бирақ бул жадидшилик ҳәрекети ҳаққында кеңес ҳүкимети дәўирлерде ҳеш нәрсе жазылмады деген сөз емес. XX-әсирдиң 20-30 жылларында жадидлер ҳәрекети ҳаққында бир қатар мақалалар жәрияланып барылды.Сырт елли изертлеўшилер, тарийхшы қәнийгелер арасында жадидшилик ҳәрекетине қызығыўшылық күшли еди. Бурынғы кеңес дәўиринде жадидшилик ҳәрекети ҳаққында унамлы пикирлер айтылсада, кейин ала бул совет дүзимине қарсы ҳәрекет, миллетшилик, түркшилик, исламшылық деп унамсыз баҳаланып келинди. 1990- жылларға шекемги 50-60 жыл ишинде жадидлер хәрекети ҳаққында бирден-бир дурыс пикир билдириўшилер булар тийкарынан батыс изертлеўшилери еди.

Жадидшилик ҳәрекети мәмлекет дүзимин реформа қылыў ҳәм билимлендириўди раўажландырыў арқалы, миллетти жаңа раўажланыў басқышына алып шығыўды мақсет қылып қойған идеялары менен ҳәммеге аян. Жадид «арабша» сөз болып жаңаланыў, жаңа заманагөй мектеп, миллий раўажланыў усыллары жолы тәрептарларының улыўма аты.

Жадидшилик XIX-әсир ақыры ҳәм XX-әсирдиң биринши шерегинде түркий мусылман үлкелеринде (Қырым,Кавказ,Волга бойы,Түркстан) пайда болып киятырған миллий буржуазия жағдайында пайда болған. Усы дәўирден баслап Түркстандағы миллий-азатлық ҳәрекетиниң идеологиясы ўазыйпасын атқарады. Жадидлер сиясий ҳәрекетиниң негизи ғәрезсизлик ҳәм азатлык идеялары менен суўғарылған еди. Бул идеялар XIX-әсирдиң 60-80- жылларында Өзбек халқының Россия жаўлап алыўшылығына қарсы гуреслерде өз көринисин тапқан еди. Бул идеялар рус мәмлекетиниң Түркстан үлкесиндеги ҳүкимранлығы орнатылғаннан кейин де халық қәлбинде сакланып қалынды. Рус ҳүкимети 1867- жылда Туркстан генерал губернаторлығын дүзип, биринши Туркстан губернаторы болып К.П. Кауфман сайланды. Ол 1868-жыл 1-январда Ташкент қаласының атақлы адамлары менен болған ушырасыўында төмендегилерди келтирип өткен еди. Ол өз сөзинде рус мәмлекетиниң Туркстан үлкесине бастырып кириўин ақлаў мақсетинде ҳәр қыйлы ҳийлелерди ислетти.

Ханлықлар дәўиринде үлкеде әдалатсызлықлар, зорлықлар ҳүким сүрип, халық қатламы аўҳалының аўырласыўын дәлил етип көрсетип,рус мәмлекетиниң түркстанды жаўлап алыў себебин жергиликли халыққа азатлық ҳәм пәраўан турмыс бағыш етиў деп көрсетиўге урынды. Ол үлкеде өзи дүзген басқыншылыққа тийкарланған сиясий админстративлик дүзимди мақтап былай деген еди.

**«Бахыт, саодат келтириўши жаңа тәртип нызамларды, уллы император жақсылығын аңлап жетиўге жергиликли халықтың санасы жетерлимекен? Жәнe қайталамақшыман сизлердиң тәғдириңиз өзлериңиздиң қолыңызда. Егер өзлериңиздиң пайдаңызды ойлап ҳәм бизиң жақсылығымызды сезип, түсинип, рус ҳүкиметине жақсы катнасықта болсаңызлар бахытлы турмысқа ерисесизлер,егер басқаша түсинип ҳүкиметке қарсы турсаңызлар рус ҳүкимети күш ислетиў жолына өтеди».** Көринип турғанындай К.П. Каўфман халықты рус ҳүкимети әтирапына саналы турде топлаўға ҳәрекет еткен. Рус ҳүкиметин әдалатлы ҳәм инсанпарўар сыпатында көрсетиўге илажы барынша ҳәрекет етеди.

Бирақ арадан көп ўақыт өтпестен-ақ, рус мәмлекетиниң ҳақыйқый мақсети халыққа аян болады. Себеби Каўфман басқыншылық ҳәм талаўшылық урысларын даўам еттирип Бухара, Хийўа, Қоқан ханлықларын жаўызларша жаўлап алады. Рус ҳүкимети тәрепинен Түркстан генерал губернаторлығы лаўазымына миллетшилик рухы менен суўғарылған ҳәм қатал минезли адамлар таңлап қойылды. Олар үлкеде басқыншылық сиясаты менен бирге миллий зулымлықты әмелге асырып, миллий байлықларды талаўда әҳмийетли орынды ийелейди. 1867-1917-жыллар аралығында Туркстан генерал губернаторлығы лаўазымына төмендегилер

К.П. Каўфман (1867-1882 жж)
М.Г. Черняев (1882-1884 жж)
Н.О. Розенбах (1884-1888 жж)
А. Б. Веревский (1889-1898жж)
С.М. Духовский (1898-1901жж)
М.А. Иванов (1901-1904жж)
Н.А. Тевянов (1904-1905жж)
Д.И. Субботич (1905-1906жж)
Н.И. Гордеков (1907-1908жж)
П.И. Мишенко (1909ж)
А.И.Самсанов (1909-1913жж)
Флуг, Мартсон (1914-1916жж)
А.Н. Куропаткин ( 1916-1917жж)

сайланды ҳәм өзлериниң талаўшылық сиясатын иске асырды. Губернаторлар өзлериниң жәрдемшилери ҳәм арнаўлы кеңес ағзалары менен ис жүргизген. Генерал губернатор қасында арнаўлы аткарыў органы болып, ол өз ишине үш бөлимди алған.

1 Басқарыў ҳәм админстративлик шахслар

2 Жер, салық, қурылыс, оқыў ҳәм ден саўлыкты сақлаў

3 Финанс, жер салықлары , байланыс мәселелери менен шуғылланган.

Ташкент қаласы генерал губернаторлық орайына айландырылды. Ўәлаят ҳәм оған қараслы уезд баслықларына әскерий адамлар басшылық лаўазымларына сайланган. Ўәлаят әскерий губернаторлығы өз қол астындағы қала ҳәм аўыллар үстинен күшли бақлаўлар орнатты.Үлкедеги киши аўыл ақсақалары лаўазымларына жергиликли халық ўәкиллери «сайлаў» жолы менен қойылды. Олар рус басқармаларының көрсетпелерин сөзсиз орынлайтуғын адамлар есапланған. Жоқары ҳәм орта лаўазымдағы жергиликли халық ўәкиллери өз лаўазымларынан шетлетилип ,сиясий майданнан алып тасланды. «Жергиликли халық арасында,-деп жазды Ферғана ўәлаяты губернаторы, ханның әмелдарлары, руўханыйлар сыяқлы душпанларымыз оғада көп. Биз бул улкеге келгенимизден соң олар тек бурынғы абройларынан емес, ал жақсы турмыс тәризин тәмийинлейтуғын имканиятларынанда ажыралды.Сол себепли олар өзлериниң абройларын сақлап, тәртип қағдыйдаларды қайта тиклеў ушын халықты русларға қарсы қойыўлары мүмкин»

Ҳақыйқатында да ханлық дәўиринде өз ўатаны ушын хызмет қылған адамлар аз емес еди. Олар тек өз дәраматларынан абройынан айырылғаны ушын емес, ал ана журты ғәрезсизлиги ушын гуресиўге таяр еди. Олардағы ғәрезсизлик ушын гурес ҳәрекетлери кейинги әўладларға мийрас сыпатында өтип барды. Рус ҳүкимети биринши нәўбетте дин ийелерин ең қәўипли душпан есаплап, оларды имканы барынша ҳәр тәреплеме қысқыға алыўды мақсет етти. Бул дәўирлерде қазылық суды сақланған болсада, бирақ қазылар қатты бақлаў астына алынған еди. Ҳәр қыйлы арзымаған себеплер таўып оларды қорқыўда услап турды. Мысалы Қоқан қаласында 25 тен аслам қазылар қаладағы ески қойымшылықты жоқ етпеўин соранып жазғанларында, олардың көпшилиги өз лаўазымларынан босатылды. Соннан соң бир топар атақлы адамлар өзлериниң наразылық хатларын жазады. «Ханлықлар ўақтында,- дейиледи онда, қазылар шәрият нызамларын билгенлери ушын атақ алғанлар. Бирақ халық қазылардың не ушын бул лаўазымларынан босатылғанлығын билмейди. Себеби олар ҳеш ўақытта шәриятқа қарсы келетуғын ислерди қылмайды» Қазыларға қылынған әдалатсызлықлар халық наразылығын жәнеде

күшейтти. Халық қозғалаңларының басланып кетиуинен қорқып, егер тәртипсизликлер басланса, онда қазылар Сибирге сүргин қылынатуғынлығын мәлим етти. Қоқан уездиниң баслығы, егер дин ийелери тәртипсизликлерде қатнасатуғын болса, медреселердиң жабылыуы ҳәм ўақым жерлериниң мәмлекет ықтыярына өтетуғынлығын билдирди.

Рус мәмлекети үлкеде беккем таяныш пайда етиў ҳәм жерлерди өзлестириў ушын орыс қалаларын ҳәм посёлкаларын пайда етти. XIX- әсирдиң ақырына келип үлкедеги орыслар саны 197 мың 420 адамға жеткен болса, бул көрсеткиш 1909-жылда 619 мың 320 адамды қурады. Буның ақыбетинде жергиликли халық өнимдар жерлер ҳәм жайлаўлардан ажыралып қалды. Үлкеде орыслардың көбейип барыўлары сиясий тәрептенде жергиликли халыққа қәўип еди. Бул рус мәмлекетиниң басып алыўшылық ҳәм миллетшилик сиясатының беккемлениўи еди. Солай етип XIX-әсирдиң екинши ярымы XX-әсирдиң басларында Туркстан үлкесинде басқыншылық ҳәм миллетшиликке тийкарланған сиясий дүзим ҳүким сүрди. Рус ҳүкимети өзбек ҳәм басқада жергиликли халықларға сиясий ҳәм инсан ҳуқықларын бериўди қәлемеди. Рус баспа сөзи ҳәм илимий мийнетлеринде Туркстан үлкеси ашықтан ашық «Россия колониясы» аты менен аталды. «Русский Туркстан» атамасын ислетиў әдетке айланды. Ғәрезсизликтиң жоғалыўы, сиясий теңсизлик ҳәм әдалатсызлық жәмийетте рус мәмлекетине болған наразылықты күшейтти. Олар арасында жергиликли жоқары қатламлардың ўәкиллери болып, азатлық идеялары барған сайын күш қуўатқа толып барды. Бул идеялар жадидлер сиясий ҳәрекетиниң тийкарын пайда етти. Жадидлер халықты азатлық гуресине шақырды.
Абдурауф Фитрат былай деген еди; «Эй уллы Туран арысланлар үлкеси. Саған не болды?.Дуньяны титиреткен арыслан улларың қайда?. Не ушын даўыслары шықпайды?. Не ушын шегиндиңлер?» деген еди. Россияның Орта Азияда жургизген басқыншылық сиясаты, үлке экономикасына күшли тәсир етти. Рус ҳүкимети ҳәм капиталистлери биринши нәўбетте пахташылықты раўажландырыўға ҳәм тоқымашылық санаатын арзан шийки зат пенен тәмийинлеўге киристи. Басқыншылық сиясаты улкениң руўхый турмысына да өзиниң тәсирин көрсетпей өтпеди. Себеби миллий тилдиң раўажланыўына жол берилмей, рус тилине мәмлекетлик тил статусты берилди. XX-әсир басларында бир неше газеталарды шығарыўға рухсат берилседе, көп ўақыт өтпестен бул баспаханалар жаўып тасланды. Саўатсызлықтың даўам етиўи себебинен газеталар мәлим бир топардың ғана талапларын қанаатландырды. Мағлыўматлар бойынша Туркстан генерал губернаторлығы бюджетиниң 1 % ти ғана баспа сөзди раўажландырыўға жумсалған. Бюджеттиң 74 % ти рус мектеплери ушын, 26 % ти рус тузем мектеплерин раўажландырыўға жумсалған. Ески мектеп ҳәм медреселер қаржы менен тәмийинленбеген. Мешит, медреселер жадидлер ҳәм жергиликли халық көмеги менен тәмийинленип турылған. Себеби рус ҳүкимети жергиликли халықтың саўатының өсиўинен, билими ҳәм миллий сана сезиминиң өсиўинен жүде қорыққан. Илажы барынша үлке халқын әсте- ақырынлық пенен русластырыўға қаратылған сиясатын жургизиўге ҳәрекет ете баслады.
1870-жылда Россия халық билимлендириў бөлими «Билимлендириўдиң баслы мақсети, барлық жергиликли халықты русластырыўдан ибарат» болыўы ҳаққындағы қарарды қабыл қылған еди. Буған уқсас пикир Н. О.Остроумов тәрепинен де «Рус ҳүкимети жергиликли халықты рус халқы менен араластырыўға ҳәрекет қылыўы керек. Бул жол менен жергиликли халықтың билимлендириўин мәлим дәрежеде раўажландырыў мүмкин» деп айтылған еди. Рус админстрациясы ҳәм зиялылар арасында, егер мектеп ҳәм медреселер ислеўине имканият жаратылса «ғәплетте жатқан мусылманлардың ояныўы» ҳәм «нанымыздың ярым болыўы мүмкин» деген қәўетерлениўлер жоқ емес еди. «Елиў жылдан берли,- деп жазған еди А. Фитрат, - езилдик, қолымыз байланды, тилимиз

кесилди, жеримиз, малымыз таланды. Намысымыз аяқ асты қылынды. Күшке таянған ҳәр қандай буйрыққа бойсындық, барлық нәрсемизди бердик»деп көрсеткен еди.

XIX- әсирдиң екинши ярымы XX-әсир басларындағы жағдай жадидлердиң сиясий, экономикалық ҳәм руўхый көз қарасларын белгилеген еди.Бул тарийхый әҳмийетке ийе идеялар, миллий буржуазия, руханый ҳәм улыўма жергиликли халықтың жоқары қатламларының алдыңғы ўәкиллерин өз ишине қамтып алды. Жадидлер биринши нәўбетте халықтың саўатын ашыў, билимин асырыў, миллий сезимлерин ҳәм сиясий санасын қәлиплестириў ушын гүрести. Жадидлер ҳәрекетиниң дәслепки басқышларында билимлендириў салмақлы орын ийеледи. Бул дәўирлерде де жадидлерде сиясий гурес идеясы болып ,оны әмелге асырыў ушын шараят жетилиспеген еди. 1917-жылда Россияда болып өткен аўдарыспақ нәтийжесинде Романовлар династиясының тахттан аўдарылып, сиясий гуреске имканият туўылғаннан баслап-ақ жадидлер, миллий буржуазия, руўханий ўәкиллериниң бирликтеги Туркстан ғәрезсизлиги ушын гуреслери дәўири басланды.

Путкил өмирин, ийман исенимин, ўатанпарўарлық ҳәм инсанпарўарлық, пәклик ҳәм ҳәдаллық, илим ҳәм ағартыўшылық, әдиллик ҳәм диянат жолында пидә еткен инсанлардың қәсийетли руўхлары макан тапқан Туркстан үлкеси, XX-әсир ақырына келип әсирлер даўамында әрман еткен ғәрезсизлигине еристи.

**Тәкирарлаў ушын сораўлар**

**1** XIX- әсирдиң басында Туркстандағы сиясий жағдай қандай болды?

2 Туркстан генерал губернаторлығы қайсы жылы дүзилди ҳәм биринши губернатор болып ким сайланды ?

3 Патша Россиясының сиясатын ақлаў мақсетинде Каўфман қандай ҳийлелерди ислетти?

4 Патша Россиясы кимлерди өзлерине ең қәўипли душпан деп есаплады ҳәм оларға қарсы қандай сиясатты алып барды ?

5 Түркстан генерал губернаторлығы үлкедеги жаңа усыл билимлендириў тараўына қандай көз караста болды?

## Жадидшилик ҳәрекетиниң пайда болыўы ҳәм тийкарғы идеялары

1 Жадидшилик ҳәрекетиниң пайда болыўы.

*2 Жадидшилик ҳәрекетиниң дәўир басқышлары.*

3 Жадидлер ҳәрекетиниң тийкарғы идеялары.

Туркстанда жадидшилик ҳәрекетиниң пайда болыўы ҳәм қәлиплесиў тарийхының үйрениле баслағанына көп ўақыт болғаны жоқ. Бирақ соған қарамастан ҳәзирдиң өзинде-ақ бул мәселе бойынша көп ғана ислер әмелге асырылды. Жадидшилик ҳәрекетине болған қызығыўшылық кең көлемде болғанлығы себепли бул мәселе бойынша Германия, Франция, АҚШ, Япония ҳәм Туркия сыяқлы мәмлекетлердиң изертлеўшилериниң шуғылланғанлығы, себепли, Туркстан халықларының бул қурамалы дәўири кең көлемде үйренилмекте.

Туркстанда жадидшилик ҳәрекетиниң басланыўы мәселесинде жақын ўақытларға шекем тарийхшы ҳәм әдебияттаныўшы илимпазлар арасында бир пикирге бирлесиў ямаса бир

пикирлилик орын алған еди. Олар жадидшилик ҳәрекетиниң басланыўын XX-әсир басларында Россия, Туркия ҳәм Ирандағы болған аўдарыспақ ҳәрекетлери тәсиринде майданға келгенлигин мақуллаўшы пикирде болған. Кейинги дәўирлерде бул мәселелер бойынша өзгеше пикирлер де көзге тасланбақта.Өзбек халқы тарийхының шет еллик изертлеўшилериниң бири Боймирза Хайиттиң пикири бойынша жадидшилик ҳәрекети XIX-әсирдиң ақырларында басланған.Ол түркстандағы бул ағартыўшылық ҳәрекетиниң көзге көринген ири ўәкиллерин келтиргенде, Беҳбудий, Фитрат, Чулпан, сыяқлы жадидлер менен бирге Камил Хоразмий, Муқимий, Фурҳад, Абай, Мулла Нафас сыяқлы ағартыўшы шайырлардың да атларын келтирген.

Соңғы дәўирлерде өзбек алымлары арасында да жадидшилик ҳәрекетиниң пайда болыў ўақытын бираз алға сүриўге урыныўлар пайда болмақта. Егер биз жадид ҳәрекетин XIX-әсирдиң ақырларында басланған деген пикирге қосылсақ, онда бул ҳәрекет қандай себеплерге байланыслы басланғанын ҳәм оның мақсет әҳмийетине айдынлық киргизиўимиз керек. Бул мәселеге айдынлық киргизиўимиз ушын биринши «Жадид» сөзиниң қашан ҳәм кимлерге қарата қолланғанлығын еслеўимиз керек. Туркстандағы жадидшилик ҳарекетиниң ири ўәкиллериниң бири Абдулла Авлоний өзиниң өмирбаянында, ол өзиниң 1900-жылда үйленгенлигин ҳәм шаңарақ баслығы болып қалғанын еслеп былай деген. «Бул ўақытта путин шаңарақты бағыў ушын көп ислеўге туўра келди. Сол себепли медреседеги оқыўымды таслаўға мәжбур болдым. Сол ўақытлардан баслап байлар ҳәм моллаларға арнап қосықлар жазғанлығын келтиреди. Медреседен кетсемде билимлендириў тараўынан кетпедим. Россияның түрли қалаларынан шығатуғын газета, журналлар менен танысып, саўатымды асырып бардым» «Таржуман» газетасын оқып, заманнан хабардар болдым.

Бул дәўирлерде жергиликли халықларда ескилик ҳәм жаңа усыл арасында гурес басланған еди. Газета оқыйтуғынларды моллалар «жадид»лер деп атар еди.1904- жылда жадидлер топарында ислеп «Жадид мектебин» ашып, оқытыўшылық пенен шуғылландым. А.Авлонийдиң 1878-жылда туўылғанлығын ҳәм өзбек жадидшилик ҳәрекетиниң атасы М. Беҳбудийден 3 жасқа киши екенлигин есапқа алсақ, оның 1900-1904- жыллар аралығында «Таржуман» газетасын оқып заманнан хабардар болғанлығы мәлим. А.Авлонийдиң бул өмирбаянын келтиргенимиздеги мақсетимиз, өзбек жадидлериниң «Таржуман» сыяқлы газеталар тәсиринде XX-әсир басларында пайда болып қалиплескенилигин тастыйықлаў.Туркстанда басланған жадидшилик ҳәрекетин тек бир ғана «Таржуман» газетасы менен байланыстырыў туўры емес. Себеби бул дәўирлерде миллий зиялыларымыз Татарстан, Азербайжан, Ҳиндстан, Мыср еллеринде басып шығарылған газета журналларды үлкен қызығыўшылық пенен оқып барған.Усы тәризде жадидшилик ҳәрекети XIX-әсирдиң ақырларында емес, XX-әсирдиң басларында сиясий майданға шығады.

Абдулла Қадрий «Жас бухаралықлар кимлер» деген мийнетинде жадидлерди көзде тутып ,былай деген еди: «Олардың пикир қыяллары ҳәм мақсетлери биз, жарлы халықларды азаптан қутқарыў, әмирлер, беклер, байлар зулымынан азат етиў ҳәм бизлердиң тынышлығымыз ушын ҳәрекет қылмақ еди»

Солай етип жадидшилик XIX-әсирдиң ақыры, XX-әсир басларында Туркстанда ҳүким сүрген қыйын экономикалық, социаллық ҳәм мәдений жағдайда халықларды билимлендириў, жәмийет турмысында социаллық ҳәм мәдений реформалар өткериў, миллий ғәрезсизлик идеяларын турмысқа еңгизиўди өз алдыларына мақсет қылып қойған ҳәрекет сыпатында пайда болды. Бул ҳәрекет өзиниң пайда болыў жолын басып өтер екен, биз оны төмендеги дәўирлерге бөлемиз.

I. 1885-1895- жыллар И. Гаспиринскийдиң «Таржуман» газетасы тәсиринде Қоқан қаласында «Жаңа усыл» жадид мектеплериниң пайда болыў дәўири.

II. И.Гаспиринскийдиң 1895-жыл Бухара, Самарқанд қалаларына келиўи. Бухара әмири менен ушырасыўы нәтийжесинде Бухарада, Журабой. Самарқандта, А.Шакурий, С. Азизий, А. Мунзим. Ташкентте, Мунаввар Қори, А. Авлоний, Қоқанда,Ҳамза. Наманганда, И.Ибрат ашқан жадид мектеплериниң өз ҳәрекетлерин баслаған дәўири.

III. 1905-1914-жыллар жадидшилик ҳәрекетиниң мектеп билимлендириўинен, газета журналларды баспадан шығарыўы. Баспа ислериниң жолға қойылыўы, илим, пән ҳәм мәденияттың миллийлесиў дәўири.

IV. 1914-1917-жыллар жадидлердиң ағартыўшылық ҳәрекетиниң сиясий ҳәрекетке айланыў дәўири. Сиясий партиялардың пайда болыў дәўирлери.

V. 1917- жыл октябрь 1918-жыл Қоқанда «Туркстан Мухторияты»ның дузилиўи ҳәм жоқ етилиў дәўири.

VI. 1918-1924- жыллар совет ҳүкимети қурамында билимлендириў ҳәм баспа ислеринде «Чағатай гуруҳи» ниң дүзилиўи.

VII. 1924-жыл Түркстан тарқатылып жадидлердиң кейинги ҳарекетлериниң «Миллий республика»лар қурамында жүргизилиўи.

VIII. 1931-жылдан 1937-1939 ҳам 1950-жыллардың биринши ярымы жадидшилик ҳәрекети ағзаларының қуўдалаўға ушыраў дәўири.

XX-әсир басынан баслап 1917-жыл февраль аўдарыспағына шекемги жадидлер ҳәрекетиниң биринши басқышы, миллий азатлық ҳәрекети сыпатында белгиленди. Бирақ бул ҳәрекет бирлескен партия ямаса шөлкемлерге ийе болмағанлықтан ҳәм де ҳалық қатламын изине ерте алмағанлығы себепли, ғәрезсиз мәмлекет дүзиў режелерин жарыққа шығара алмады.Еле аяққа турып беккемленбеген Туркстан Мухторияты, кеңес ҳүкимети тәрепинен жоқ етилди. Жадидлер ҳәрекети ҳәм оның ири ўәкиллерин жақтырмаған совет ҳүкимети, бул ҳәрекетти тек ағартыўшылық ҳәрекет деп баҳалап ҳәм оларды сиясий келте пәмликте айыплап келген еди.

Жадидшилик ҳәрекетиниң ири уәкили ҳәм дәслепки шөлкемлестириўшилеринен бири Мунովварқори Абдурашидханов 1927- жылда жазылған мақаласына советлер тәрепинен қойылган бул айыбқа: «Кеңес хүкиметин жоқ етиў, жадидлердиң тилегинде бар еди.Сиясий ўазыйпамыз ҳәм мақсетимизде соннан ибарат» деп жуўап жазған еди. Муновварқориниң бул сөзлерине таянып сол нәрсени айтыў мумкин,жадид мектебин дүзиўдеги мақсет,большевиклер айтканындай,саўда хызметкерлерин таярлаў емес,ал халықтың улыўма саўатлығын асырыў,заманагөй билимди ийелеген инженер,врач, журналист, юрист қәнийгелерди тәрбиялаў ҳәм олар жәрдеминде мәмлекет органларын миллийлестириў,сол тәризде басқыншыларды Түркстан үлкесинен қысып шығарыў еди. Жадидлер әне усы мақсетти әмелге асырыў ушын «усылы жадид» мектеплерин пайда етип қоймай,миллий баспахана,әдебият,театрды пайда етиўге итибар қаратып, бул арқалы Түркстан халықлары турмысын түптен өзгертип,ғәрезсиз мәмлекет қурмақшы болды.

Түркстандағы сиясий партиялар ҳәрекетлерин жақсы үйренген француз разведкашысы Майор Лякоста,1906-жылда өз мәмлекетине жоллаған жасырын хатында былай деп жазган еди. «Түркстан үлкесиндеги ен итибарлы ҳәм келешеги үлкен сиясий күш, бул социал-демократлар (большевик ҳәм меншевиклер ) ямаса революционерлер емес,ал бул өзбек жадидлери болып есапланады».

Өз алдыларына Түркстан халықларының тәғдири ушын үлкен әҳмийетке ийе ўазыйпаны қойған жадидлер,1906-жыл январьда Петербургда болып өткен Пүткил Россия мусылманлары қурылтайына өз ўәкиллерин жасырынша жиберип,Россия аймағында жасап атырған басқа мусылман халықлары ҳам олардың ири ўәкиллери менен байланыс

орнатпақшы болады. Бул нарсе жадидшилик ҳәрекетиниң жәнеде раўажланыўына өзиниң унамлы тәсирин тийгизди

**Тәкирарлаў ушын сораўлар**

1 Түркстанда жадидшилик ҳәрекетиниң басланыўы ҳаққында қандай пикирлердиң бар екенлигин билесиз?
2 А.Авлоний өзиниң «Өмир баян» ында, жадидлер ҳәрекетине тоқтап өткенде қайсы ўақыяларды келтирип өтеди?
3 Түркстандағы жадидшилик ҳарекети қандай дәўир басқышларына бөлинеди ?
4 Кеңес ҳүкимети жадидшилик ҳәрекетине қандай айыплар тақты ?
5 Түркстандағы сиясий ҳәрекетлер туўралы Француз разведкашысы Майор Лякоста қандай пикирлер билдирген?

**Жадидшилик ҳәрекетиниң ири ўәкиллери ҳәм олардың хызметлери**

1. М. Беҳбудий, Мунаввар Қори Абдурашидхонов өмири ҳәм мийнетлери.
2. Абдулла Авлоний, Абдулла Қодирий өмири ҳәм хызметлери.
3. Абдураўф Фитрат, Абдулвоҳид Бурҳанов өмири ҳәм хызметлери.
4. Абдулҳамид Чулпан, Мусса Сайджанов өмири ҳәм хызметлери.
5. Убайдулла Хужаев, Файзулла Хужаев өмири ҳәм хызметлери.

## Маҳмудхожа Беҳбудий өмири ҳәм хызметлери

Маҳмудхожа Беҳбудий XX-әсир босағасындағы Туркстан социаль-сиясий ҳәрекетиниң ири ўәкиллериниң бири, жаңа дәўир өзбек әдебияты ҳәм мәдениятының тийкарын салыўшылардан болып есапланады. Туркстан жадидлериниң тән алған басшысы, ғәрезсиз мәмлекет идеясының баслаўшысы, жаңа усыл мектеп, өзбек драматургиясын баслап бериўши, биринши драматург,театр ҳәм баспа сөздиң раўажланыўына үлкен үлес қосқан инсан Маҳмудхожа Беҳбудий, 1875-жыл 19-январда Самарқанд жанындағы Бахшитепа аўылында дүньяға келеди. Атасы Беҳбудхожа Солиҳожа улы Туркстанлы Хожа Ахмед Яссавий әўладларынан болып есапланады. Жас Маҳмудхожаның дүнья қарасының раўажланыўында Россиялы,жадидшилик ҳәрекетиниң тийкарын салыўшы И.Гаспиринскийдиң хызметлери оғада үлкен. Ол 1895- жылларда жергиликли халықлар менен сөйлесиўлер жүргизип дәслепки жаңа усыл мектеплерин ашыўға ериседи. 1899-1900- жылларда Беҳбудий ҳажы сапарында болып оның дүньяға болған көз карaслары жәнеде кеңейеди. Ол 1903- жылларда Самарқанд әтирапындағы аўылларда дәслепки жаңа усыл мектеплерин ашады.1903-1904 жылларда Москва, Петербург, Казан, Уфа қалаларында болып қайтады. Маҳмудхожа Беҳбудий 1907-жылы Нижний Новгородта өткерилген Россия мусылманларының турмыс ҳәм мәденияты мәселелерине бағышланған қуралтайға шақырылады. Туркстанда шығарылатуғын газета, журналларда әҳмийетли мәселелерге байланыслы 300-ден аслам мақалалары жәрияланады. Оның мақалалары мектеп, мәдения т ҳәм ағартыўшылық идеялары менен терең суўғарылған.

Оның тиккелей басшылығында 1913 жылы Самарқандта «Самарқанд» газетасы ҳәм «Ойна»атлы журналы баспадан шығарылады. Маҳмудхожа Беҳбудий биринши өзбек драматургиясының тийкарын салыўшылардан бири болып, 1911-жылда «Падаркуш» драмасын жаратады.

Беҳбудий жаңа усыл мектеплерин шөлкемлестириўшилерден бири болып қалмастан, бул мектеплер ушын даслепки оқыўлықлар жаратқан ири ағартыўшы болыпта есапланады. Ол 1917-жыл февраль, октябрь аўдарыспағынан кейин Туркстанның ғәрезсиз, азат болыўы ушын тынымсыз гүрес алып барады. Ол түркстанда миллий мәмлекет қурыў мәселесин ортаға таслайды. Өз халқының раўажланыўын тек билимлендириўде емес, өз ғәрезсизлигин қолға киргизиўинде деп билди. Оның «Ҳақ олунур, берилмас» сөзлери жадидшилик ҳәрекетиниң тийкарғы уранына айланды. Туркстан Мухториятын мақуллап бул ҳүкиметтиң ағзалығына сайланады. Туркстан Мухторияты қанға батырылғаннан соң, ол сиясаттан бас тарты ҳәм Самарқандта билимлендириў ислери менен шуғылланды. Беҳбудий 1919 жылы Бухара әмири тәрепинен қамаққа алынып Каршы қаласында өлтириледи.

## Мунаввар Қори Абдурашидханов өмири ҳәм хызметлери

Мунавварқори Абдурашидхан улы 1878-жылы Ташкент қаласының Шайхантоҳир районында зиялылар шаңарағында дүньяға келеди. Мунаввар- нур алған, Қори–қуранды мәрамына жеткерип оқыў дегенди аңлатады.Мунавварқори өз атына сай болып өседи. Ташкентте Юнусхан медресесинде, соң Бухарада оқыўын даўам еттиреди.Мунавварқори XIX әсирдиң ақырынан баслап жадидшилик ҳәрекетлерине араласа баслайды. 1901-жылы өз ҳәўлисинде, кейин Ташкенттиң ҳәр қыйлы орынларында жадид мектеплерин ашады. Бул мектеплер ушын 1907-жылда «Адиби аввал», «Адиби соний», «Жер жүзи» деп аталған оқыў қолланбаларын жаратады.Мунавварқори 1909-жылда «Жамияты хайрия» шөлкемин дүзеди ҳәм «Туран» атлы жәмийет ашады. Мунавварқори 1906-жылда дәслепки өзбек баспа сөзи үлгилеринен бири «Хуршид»газетасын баспадан шығарады, кейиншелик «Нажат» «Кенгаш» газеталарында бас редактор ўазыйпаларын атқарады. Мунавварқори 1917-жыл февраль аўдарыспағынан соң, Туркстанда демократиялық миллий мәмлекетти дүзиў идеясын алға сүреди. Кеңес дәўиринде де өзиниң баспа ислери менен жасырын сиясий ҳәрекетлерин даўам еттиреди. 1918-жылда Туркстанда миллий университетиниң пайда болыўында үлкен үлес қосады ҳәм ректор лаўазымына сайланады. Оның жигерли ҳәрекетлери нәтийжесинде 1918-жыл 12-майда Туркстан халық университети өз жумысын баслайды. Мунавварқори 1920-жылларда өзбек журтының ғәрезсизлиги ушын гүрес ўазыйпасын өз алдына қойған «Миллий иттиҳод» ҳәм «Миллий истиқлол» жасырын шөлкемлерине басшылық қылады.1920-жыллардың орталарында миллий зиялылардың қуўдалаўға ушыраўының күшейиўи нәтийжесинде Мунавварқори барлық лаўазымларынан шетлестириледи. Нәтийжеде Мунавварқори 1929-жылы қамаққа алынып, 1931-жылы Москвада атып өлтириледи.

## Абдулла Авлоний өмири ҳәм хызметлери

Жаңа дәўир өзбек мәденияты , әдебиятының тийкарын салыўшылардан бири, балалар әдебияты, өзбек миллий театр, өзбек миллий педагогикасының ирге тасын қалаған халқымыздың әдиўли перзенти Абдулла Авлоний 1878-жылы 12-июлда Ташкенттиң Мергенше аўылында дүньяға келеди.Дәслеп аўыл басланғыш мектеплеринде, соң қала

медреселеринде билим алады. Бирақ көбинесе өз бетинше оқып билим алады, тез арада өз дәуириниң саўатлы адамларының бирине айланады. А.Авлоний XX-әсир басында үлкемизде ҳәўиж алған жадидшилик ҳәрекетиниң белсенди қатнасыўшысы сыпатында миллет балаларын саўатлы қылыў, олардан жетик алымлар, қәнийгелер таярлаў, ўатанды азат етиў ушын пидайылық пенен хызмет қылады. Усы мақсетлер ушын жүдә көп тараўларда мийнет қылды. 1907-жылда өз үйинде «Шухрат» атлы газетаны баспадан шығарады. Өз мәҳәллесинде жаңа усылдағы мектеп ашып «Усылы жадид» мектеплери ушын төрт бөлимнен ибарат, «Адабиёт ёхуд миллий шъерлар», «Биринши муаллим», «Екинши муаллим», «Туркий гулистон ёхуд ахлоқ» сыяқлы оқыўлықлар ҳәм китаплар жазады. Мектеп билимлендириў ислерине жәрдем бериў ушын көплеген илажларды әмелге асырады. А.Авлоний өзбек театрының раўажланыўынада өзиниң үлкен үлеслерин қосты. Оның 1913-жылда дүзген «Туран» труппасы үлкемизде дүзилген биринши профессиональ театр труппасы еди. Татар, азербайжан драматургларының мийнетлерин өзбек тилине аўдарып, өзи ҳәм «Адвокатлық осанми», «Биз ва Сиз» пъесаларын жазып саҳнаға қойды. 1919-1920-жылларда Аўғанстан елшиханасында бас консуль ўазыйпасында иследи. Хызметтен қайтқан соң ағартыўшылық ҳәрекетин даўам етеди. Әскерий оқыў журтында, Орта Азия мәмлекетлик университетинде өзбек тили ҳәм әдебиятынан сабақ берип, профессор дәрежесине көтериледи. Ағартыўшы алым, драматург, педагог, жәмийетлик искер есапланған А. Авлоний 1934-жыл 25- августа Ташкент қаласында дүньядан өтеди.

## Абдулла Қадирий өмири ҳәм ҳызметлери

Жаңа дәуир өзбек әдебияты ҳәм өзбек миллий романшылық мектебиниң тийкарын салыўшыларының бири, Абдулла Қадирий 1894-жылы 10-апрельде Ташкентте бағман шаңарағында дүньяға келеди. 9-10 жасларында ески усыл мектеплеринде билим алады. Абдулла Қадирийдиң дөретиўшилик мийнетлери 1913-1914 жыллардан басланады. Ол сол дәуирлерден баслап барлық жоқары пикирли жаслар қатары жадидшилик ҳәрекетине қосылған ҳәм өзиниң дәслепки мийнетлеринде, билимлендириў, миллет раўажы ҳәм азатлығы идеяларын жәриялай баслайды. А. Қадирийдиң дәслепки қосықлары «Аўҳалымыз», «Миллетимиз», «Той» сыяқлы қосықлары газета журналларда жәрияланды. 1915-жылы ол М.Беҳбудийдиң «Падаркуш» шығармасы тийкарында «Бахытсыз күйеў» поэзиясын жазады. 1917-жыл февраль ҳам октябрь ўақыяларынан кейин А. Қадирийдиң өмири ҳәм дөретиўшилик мийнетлеринде үлкен өзгерислер жүз берди. А.Қадирийдиң 1925-26- жылларда «Өткен күнлер» романы жәрияланды. 1928-жылы «Меҳробдан шаён»романын жазып питкереди. А.Қадирий де бир қатар жадидшилик ҳәрекетиниң ири уәкиллери сыяқлы кеңес ҳүкимети тәрепинен 1937-жылда қамаққа алынып , 1938-жыл 4- октябрьде Ташкентте өлим жазасы менен өлтириледи.

## Абдурауф Фитрат өмири ҳәм хызметлери.

Өз заманының ири мәмлекет ҳәм сиясий искери, шайыр ҳәм алым, драматурги есапланған А. Фитрат 1886-жылы Бухарада зиялылар шаңарағында дүньяға келеди. Дәслеп ески мектепте, соң Мирараб медресесинде билим алады. XX-әсирдиң басларында пайда болған «Тарбияий атфол»жәмийети көмегинде 1909-1913 жылларда Туркияда билим алып қайтады. 1911-жылда «Сайҳа» атлы қосықлар топламын баспадан шығарады.Туркиядан қайтқан соң, Бухарада оқытыўшылық пенен шуғылланады. «Жас Бухаралықлар» ҳәрекетине ағза болып, оның басшысы лаўазымларында иследи. 1917-1918 жыллар

аралығында Самарқандта шығарылатуғын «Ҳүррият» газетасына басшылық қылады. 1918-жылы Фитрат Ташкентке келеди ҳәм бул жерде илимий, дөретиўшилик ислери менен шуғылланады. 1921 –жылы Бухараға мирәт етилип,аўыл хожалығының бир қатар тараўларында, әсиресе билимлендириў тараўында сезилерли ислерди әмелге асырды. Оның басламасы менен бир қатар уқыплы жаслар Туркия, Берлин, Москва сыяқлы ири қалаларға оқыўға жиберилди. А. Фитрат 1921-1922- жылларда бир қатар жоқары лаўазымы жумысларда ислеп,өзиниң мәмлекет басқарыўындағы шеберлигин көрсете алды. Ол 1923-1924 жыллар аралығында Москва ҳам Ленинградта жасап, шығыс тиллери институтында иследи, Турк, араб, парсы тиллери ҳәм әдебиятларынан сабақ берди. Ленинград дорилфунуны (университети) профессорлығына сайланды. А. Фитрат музыкашунос алым сыпатындада бир қатар мийнетлер дөретеди. Ол «Шашмақом», «Өзбек классик музыкасы ҳәм оның тарийхы», «Шығыс музыкасы» сыяқлы изертлеў жумысларын алып барды. 1937-жылы қамаққа алынып, 1938- жылы Ташкент қаласында өлим жазасы өлтирилди.

**Абдулвоҳид Бурханов өмири ҳәм хызметлери**.

Ағартыўшы шайыр, мәмлекет ҳәм жәмийетлик искер Мырза Абдулвоҳид Бурханов 1878-жылы Бухарада дүньяға келди. XIX-әсирдиң 90- жылларынан баслап Мунзим лақабы менен қосықлар жаза баслайды. XX-әсирдиң биринши он жыллығында жаңа усылдағы мектеплерди ашыў ушын ҳәрекет қыла баслайды.Бухарадағы дәслепки жадид мектеплериниң ашылыўы да оның аты менен байланыслы. Кабдулвоҳид Бурханов 1908-жылы Самарқандқа барып, жадид мектеплериндеги оқытыў усылларын үйренеди ҳәм сол жылы өз үйинде дәслепки жадид мектебин,1909-жылда болса үлкен жастағылар ушын кешки мектепти шөлкемлестиреди.1917-жыл февраль аўдарыспағынан соң Бухара жадидлери А.Бурханов басшылық қылған ески жадидлериге, Ф.Хужаев ҳәм А.Фитрат басшылық қылған жаңа жадидлер топарына ажыралған еди. Биринши топардың тийкарғы хызмети ағартыўшылық ислери болса,екинши топар мәмлекетте реформалар өткериўдиң тәрепдарлары болды.Кейиншелик бул еки топардың биригиўи нәтийжесинде «Жас Бухаралықлар» партиясы дүзилип, оған Мунзим басшы болып сайланады.1920-жылда Бухара Халық Совет Республикасы дүзилгеннен соң ,ол Орайлық атқарыў комитети баслығының орынбасары,кейиншелик Халық билимлендириў министрлиги, ден саўлықты сақлаў министрлиги лаўазымларында жумыс ислейди.Халық билимлендириў бөлими баслығы лаўазымында ислеген Мунзим 1922-жыл июнда миллий кадрлар таярлаў мақсетинде бир топар бухаралық жасларды Германияға жибериў ҳаққындағы БХСР ҳүкимети қарарының қабыл етилиўинде үлкен үлес қосты. 1922-жылда Мунзимниң өзи бухаралық 44 адамды Германияға алып барып оқыўға жайластырады. Абдулвоҳид Бурханов 1934-жылда узақ даўам еткен кеселликтен соң дүньядан өтеди.

**Абдулҳамид Чулпан өмири ҳәм хызметлери**.

Абдулҳамид Сулайман улы Чулпан жаңа өзбек поэзиясының тийкарын салыўшылардан бири. Чулпан 1897-жылы Андижан каласында зиялы шаңарағында дүньяға келеди. Чулпан дәслепки билимди ески мектепте,соң медреседе ҳәм рус тузем мектеплеринде алады.Шығыс адебияты, араб,парсы тиллерин терең ийелейди.1910-жыллардың орталарынан баслап дөретиўшилик пенен шуғылланған. Ол «Қаландар», «Андижанлық», «Чулпан» лақаблары менен баспа сөзде өз мақалаларын жәриялап барған. Чулпан өзиниң қысқа өмири даўамында бир неше қосықлар топламын халыққа жәриялайды. «Кеше ҳәм

күндиз» атлы романын жазып өзбек романшылығының раўажланыўына үлкен үлес қосты. Чулпан пүткил өмири даўамында өз ўатанының азатлығы,ерки,келешеги ушын қайғырды ҳәм қосықлар жазды. А.Чулпан 1928- жылдан баслап, өмириниң ақырына шекем қуўдалаў астында жасады. А.Чулпан 1937-жылы қамаққа алынып, 1938- жылы 4-октябрде Ташкентте өлим жазасы менен өлтиреди.

Таныклы ағартыўшы әдебиятшы алым, журналист,Түркстандағы жадидшилик ҳәрекетиниң ири ўәкили **Ашурали Зохирий** 1881-жылы Қоқанда дүньяға келеди.Ол дәслеп Қоқандағы Мадалихан медресесинде тәлим алып,араб,парсы тиллерин пухта үйренеди.1907-жыллардан баслап Рус-тузем мектеплеринде соң жадид мектеплеринде өзбек тили ҳәм әдебиятынан сабақ береди.1912-1919-жылларда педагогикалық мийнет пенен бирге журналист сыпатында да мийнет етеди.1917-1919-жылларда «Ел байрағы» газетасының бас редакторы болып ислейди. 1930-жылда Ферғана мәмлекетлик педогогикалық институтының шөлкемлесиўине үлкен улес қосады.1937-жылы камаққа алынып 4–декабрьде атыў жазасы менен өлтириледи.

Мәмлекет ҳәм сиясатшы искер **Бабоахун Салимов** 1874-жылы Гүрлен беклигинде қазы шаңарағында дүньяға келеди,тийкарғы аты Муҳаммед болып, оған ҳүрмет белгиси сыпатында Бабоахун атағы берилген. Хийўа қаласындағы Аллақулы хан медресесинде билим алады.Араб,парсы,рус тиллерин үйренеди.1910-1918 жылларда Хийўа ханы Асфандияр хан сарайында, әкеси орнында шаихулислам лаўазымында ислейди.1917-жыл Хийўадағы революциялық ўақыяларда қатнасып,парламент сыпатында шөлкемлестириген мәжилис ағзалығына сайланады.1918-20 жылларда Төрткулде жасап «Жас хийўалылар» партиясына ағза болып киреди.1920-жылы халық ўәкиллериниң пүткил Хорезм биринши қурылтайында Хорезм халық кеңес республикасының Әдиллик министри лаўазымына сайланады, 1924-жылда Хорезм руўханыйларының биринши қурылтайынын шақырылыўы ҳәм өткизилиўине басшылық қылды.Ол ислам идеялары тийкарында жаңалыққа умтылыўға, шәриятда теңликке ерисиўге,хан әмелдарларының ҳуқықлары менен өсип киятырған санаатшылар,өнерментлер ҳәм зиялылар ҳуқықларын теңлестириўге умтылды. Б.Салимов 1920-жыллар ақырында коммунистлик дүзим тәрепинен зиялылардың қуўғын қылыныўы нәтийжесинде, мәмлекет ислеринен шетлестирилди. Оның көз қараслары, мақсети идеялары кеңес сиясатына қарсы еди.Соның ушын ол 1929-жыл 10-май күни кеңес ҳәкимияты тәрепинен судлаўсыз өлтирилди.

Бухара жадидшилик ҳәрекетиниң ири ўәкиллериниң бири **Муса Сайджанов** 1893-жылы Бухара қаласында саўдагер шаңарағында дүньяға келеди. Мирараб медресесин питкереди.1913-жылдан жадидшилик хәрекетине қосылып, 1917-жылда «Жас бухаралықлар» партиясының шөлкемлестириўшилериниң бири болды. Муса Сайджанов үлкедеги реформаларды аўдарыспақ жолы менен өткериўге қарсы болып,реформаларды парахат жол менен өткериў тәрептары еди.Оның сиясий көз қараслары коммунистлик идеяларға сәйкес келмеген,сонлықтан оны 1920-жылларға келип сиясаттан шетлестиреди ҳәм ол илим менен шуғылланады Муса Сайджанов өмириниң ақырына шекем илимге садақатлы болып, Өзбекстан тарийхы бойынша дәслепки алым ҳәм биринши профессорлардың бири болған.Ол өзбек алымларынан биринши болып, Шығыс изертлеўшилериниң үшинши конгрессине қатнасады. Кеңес ҳүкимети тәрепинен 1937-жылы қамаққа алынып өлим жазасына буйырылады.

Өзбек халқы ағартыўшыларының бири Хийўа жадидлери ҳәм «Жас хийўалықлар» партиясының басшысы **Палўанияз Ҳажы Юсупов,** 1863 –жылы Хийўа қаласында саўдагер шаңарағында дүньяға келеди.13-жасында ески мектепте билим алып,саўда ислери менен шуғылланған.Кейиншелик 1885-жылда жадид мектебин питкерди.Ол

араб,парсы,рус тиллерин жақсы билген.1904-жылда Туркия,Мыср,Сирия ҳәм Мекке қалаларында болған. Хийўа ханының жадидлерге қарсы сиясаты нәтийжесинде, ол 1918-1920-жылларда Ташкентте жасайды. «Жас хийўалықлар» партиясын пайда етеди ҳәм оған басшы болып сайланады.Хийўа ханлығы сапластырылғаннан соң, 1920-жыл 30-апрельде Хорезм Халық Совет Республикасы кеңеси баслығы лаўазымына сайланды.1926-жылы 10-январьда Хорезм ўәлаяты атқарыў комитети баслығының хожалық бойынша орынбасары болып ислейди.Палўанияз Юсупов 1936-жылда қайтыс болады.

Жадидшилик ҳәрекетиниң ири ўәкиллериниң және бири **Убайдуллахожа Асадуллахожа** улы болып есапланады. Ол 1880-жылы Ташкентте туўылады.Рус-тузем мектебин тамамланғаннан кейин мәмлекетлик органларда жумыс ислеген. Кейиншелик Саратов Университетиниң ҳуқықтаныў факультетин тамамлайды.Ол дәслепки өзбек адвокатларынан бири еди. Өз әтирапына талантлы жасларды топлап «Умид» жасырын жәмийетин дүзеди.Кейиншелик бул жасырын шөлкем жадидлердиң тийкарғы орайларының бирине айланады.Убайдулла Хужаев 1914-жылы «Садойы Туркистан» газетасын өз редакторлығында баспадан шығарады.1917-жылы февраль аўдарыспағынан соң, Түркстандағы ғәрезсизлик ушын басланған миллий ҳәрекетлердиң басшыларынан бирине айланады.Ташкент «Шорайы ислам» шөлкемине басшы, Путкил Россия мусылманлар кеңесине ағза болып сайланады.1920-1938-жылларда кеңес ҳүкиметине қарсы болған,сиясий қараслары ушын бир неше мәрте қуўғынға ушырайды.1938-жылда басқа жадидшилик ҳәрекети уәкиллери сыяқлы қамаққа алынып атып өлтириледи.

Атақлы мәмлекетлик ҳәм сиясат арбабы,Бухара жадидшилик ҳәрекетиниң ири ўәкили «Жас бухаралықлар» партиясының басшыларының бири **Файзулла Хужаев** 1896-жылы Бухара қаласында ири саўдагер шаңарағында дүньяға келеди.1907-1912 жыллар аралығында Москвада жеке оқытыўшылардан тәлим алады.1913 жылдан баслап жадидлер қатарына кирип халықты саўатлы қылыўға ҳәрекет етеди. 1917-жылда ол «Жас бухаралықлар» партиясының шөлкемлестириўшиси сыпатында танылады. Ф.Хожаев тәрепинен дүзилген партияның тийкарғы дәстүри шарият тийкарында болып,халықтың миллий дәстүрлерин итибарға алған ҳалда Бухара халық демократик республикасын дүзиўди махсет қылып қойған еди. Бухара жадидлериниң сол қанаты аўдарыспақ жасаў тәрептары болып, Бухара әмирин тахттан аўдарыўға қатнасады.Бухара әмири тахттан аўдарылғаннан соң Ф.Хужаев ҳүкимет басшысы етип сайланады.Бул лаўазымда ол ғәрезсиз сиясат алып барады.Россия ҳәм шет еллер менен байланыслар орнатыўға умтылған. 1922-жылда ол Германияға шет елли саўда компаниялары ҳәм ири саўдагерлер менен шәртнамалар дүзиўге барған. 1925-жылда Ф.Хожаев Өзбекстан Халық ўәзирлери кеңесиниң басшысы етип сайланады.Ол хызмети даўамында өзбек халқының экономикалық ҳәм мәдений раўажланыўына хызмет қылатуғын илажларды әмелге асырыўға ҳәрекет қылады. Ф.Хожаев ҳүкимет басшысы сыпатында Өзбекстанның халық хожалығы (пахташылық, ирригация, шарўашылықты, раўажландырыўға) билимлендириў, мәдениаттың раўажланыўына үлкен үлес қосты.Ф.Хожаевтың бул жүргизген сиясатлары кеңес ҳүкимети талапларына қайшы келеди. Сонлықтан 1937 – жылы қамаққа алынып өлим жазасына буйырылады.

Булардан басқа Түркстанда жадидшилик ҳәрекетиниң көрнекли ўәкиллери Мустафа Чуқаев, Ахмад Заки Валидий, Чуқан Валиханов, СадриддинАйний, Абдулқадир Шакурий,Ашурали Заҳирий,Исхоқон Ибрат сыяқлы ири ўәкиллер болған.

**Тәкирарлаў ушын сораўлар**;

1. Маҳмудхожа Беҳбудий қайсы жыллары жаңа усыл мектеплерин ашты ҳәм қаншадан аслам оқыўлықлар жазды.

2. Мунаввар Қори Абдурашидханов басшылыгында қайсы жылы Түркстан Миллий Университети ашылды

3. Аддулла Авлонийдиң жаңа усыл мектеплери ушын жазылған қандай мийнетлерин билесиз.

4. Өзбек романшылық жанрынын раўажланыўына кимлер улес қосты.

5. Абдураўф Фитрат өмири ҳәм хызметлери.

Абдувоҳид Бурхановтың жаслар ҳам миллий кадрларды тәрбиялаўдаға хызметлери.

6. Кеңес ҳукимети дәўириндеги жадидшилик ҳәрекети ўәкиллериниң қуўдалаўға ушыраўы.

**Туркстанда миллий халық билимлендириўиниң пайда болыўы**.

1 Патша Россиясының XIX-әсирдиң 60-80-жылларындаТуркстандағы тәлим- тәрбияға болған көз қараслары.

2 Туркстанда дәслепки жадид мектеплериниң пайда болыўы

3 Жаңа усыл мектеплериниң даслепки оқыўлықлар менен тәмийинлениўлери.

XIX-әсирдиң 60-80-жылларында Туркстан үлкеси Патша Россиясы тәрепинен жаўлап алынғаннан соң, билимлендириў тараўындағы кризис жәнеде тереңлести. Туркстан үлкесиндеги барлық мешит, медреселер арнаўлы таярланған адамлар тәрепинен бақлаў астына алынды. Көплеген мешит, медреселер ис жүргизиў уқыплығынан айырылып, жаўып тасланды. Патша ҳүкимети үлкемиздеги ески мектеп ,медреселерге қарсы ҳәр қыйлы гүрес усылларынан шеберлик пенен пайдалана баслады.1890-жыллардан баслап мешит медреселерди бақлап барыў ушын арнаўлы инспектор лаўазымлары еңгизилген болса,1896-жылдан баслап мектеп медреселердеги тәлим тәрбия ислери қала ҳәкимлери тәрепинен бақлап барылатуғын болды.Ташкенттиң алдыңғы пикирли адамлары үлкеде өзгерис ҳәм реформа қылыўдың бирден-бир жолы, бул билимлендириў тараўын реформа қылыў деп түсинеди.

1884-жылы 19-декабрьде өз көз қараслары менен таныльган Ташкентли саўдагер Сайдазимбайдың үйинде жергиликли халық ўәкиллери балалары ушын дәслепки рус-тузем мектеби ашылды.1886-жылға келип бундай рус-тузем мектеплериниң саны Туркстан үлкесинде 14 жеткен болса, 1891-жылға келип Туркстан үлкесиндеги бундай рус- тузем мектеплериниң саны 89 жетти. Рус-тузем мектеплеринде оқыў мүддети 4-жыл болып жергиликли халық балалары рус тили, математика, рус нызамлықларынан билим алған. Бирақ Патша Россиясының үлкеде рус-тузем мектеплерин ашып, жергиликли халықтың балаларын рус тилине үйретиўге болған урыныўлары өз күткен нәтийжелерин бере алмады.Өз дәўириниң көрнекли педагогы Ф.Егоров 1917- жыл май айында Туркстандағы билимлендириў ҳаққында өз пикирлерин айтқанда былай деп көрсеткен еди. «Туркстанда рус –тузем мектеплерин ашып, оннан гөзленген махсетлерге ерисе алмады.Жергиликли халыққа рус тилин туўры үйрете алмады. Басқа мәмлекетлик емес мектеплердиң пайда болыўлары туземшилердиң кең көлемде ис жүргизиўине тосқынлық қылды».

Жадидлер өзлериниң сиясий дәстүрлерин таныклы қырым- татар сиясий искери Исмаилбек Гаспиралыдан алады.Исмаилбек ҳасылзадалар шаңарағынан шыққан болып (1851-1914) Қырымда мусылман диний мектебинде,Москвада әскерий билим журтында билим алады.Оның басшылығында 20 жыл даўамында «Таржиман» журналы баспадан шығарылады. Исмаил Гаспиралының «Таржиман» журналы Туркстанда жадидшилик ҳәрекетиниң ҳәм мектеплериниң ашылыўына түртки болды.Түркстанда дәслепки жадид

мектеби 1886-жылда Турақорған (ҳәзирги Наманган ўәлаят) да, 1862-1937-жыллар аралығында жасаған, Исҳоқан Торе Ибрат басшылығында ашылды.Жадидлер дәстүри мектеплерди реформа қылыўға қаратылған еди.1892-жылда И.Гаспиралы мусылман мектеплерин реформа қылыў жойбарын Түркстан Генерал губернаторы Розенбахқа жибереди ҳәм қанаатландырарсызлық жуўабын алады.

1893-жылы И.Гаспиралы Бухараға келип, Бухара әмири Абдуллаҳ пенен ушырасып жаңа усыл мектебин ашыўды усыныс қылады.И.Гаспиралының ҳәрекетлери нәтийжесинде Бухара әмири жадид мектеблерин ашыўға рухсат береди.1898-жылы Қоқанда Солаҳоддин басшылығындағы екинши жадид мектеби ашылады. 1899-жылға келип Андижанда Шамсиддин домла басшылығында жадидшилик мектеби ашылған болса, 1901-жылда Ташкентте Муновварқори басшылығында, сол жылы 1875-1943-жыллар аралығында жасаған Абдуқадир Шакурий Самарканта жадид мектеплерин ашты.

Ал- Хоразмийдиң «Ал-Жабр» мийнети илим пән тарийхында қандай уллы ашылыў болған болса, жадид мектеплери мусылман дүньясы билимлендириўинде үлкен жаңалық болды. Тәлим тәрбия, мектеп ҳәм билимлендириў ҳәм мәденияттың раўажланыўында үлкен түртки болды.Ески мектеплерде балалар 5-6 жылда саўат ашқан болса, жадид мектеплеринде орта есап пенен бир жылда саўатлы оқыў ҳәм жазыў мүмкиншилигине ийе болған. Үш басқышлы жадид мектеплери пайда болды. Басланғыш тәлим (төрт жыллық), Орта тәлим (жетти жыллық) ҳәм жоқары оқыў орнынан ибарат үш басқышлы тәлим дизими пайда болды. 1903-жылларға келип Түркстанның түрли орынларында 100 ге жақын ҳәр қыйлы жадид мектеплери ашылды.

Жадид мектеплери айына бир сумнан, бир ярым сумға шекем төлемли болсада,бул мектепте оқыўшылардың 30-35 % ти кем тәмийинленген шаңарақ балалары болып,олар бийпул оқытылған.Жадид мектеплери Туркстанда 15-20 жыл ишинде сезилерли дәрежеде раўажланды. Жаңа усыл жадид мектеплеринде дин тәлийматлары менен бирге математика,география,табият таныў ҳәм басқада дүньялық пәнлер оқытылатуғын еди.Бирақ ҳәр қандай жаңа ҳәрекетлерге ҳәм жаңалықларға тис тырнағы менен қарсы туратуғын диндарлар менен әмирлик салтанаты жаңа усыл мектеплериниң ҳәрекетине қарсы шықты.

Түркстан уалаяты газетасында «Таржиман» ды оқысаңыз «кафир» боласыз деген мақалалар жәрияланды.1914-жылы Улуғбек медресеси ишиндеги Жомеъ мешитине жыйналған 5-6 мың мусылманларға муаззин тәрепинен жадидлерди ҳәм орысша оқыўға дағаза қылғанлардың кафир екенлигин ҳәм кимде- ким, баласын усылы жадид мектебине берсе, өзи кафир, қатыны талақ болатуғынлығын жәриялады. Бирақ соған қарамай Түркстанда жадид мектеплериниң саны көбейип барды ҳәм жәмийетшилик итибарын өзине тарта алды.

1914-жылы 9-14-май аралығында Ташкент қаласында үлке оқытыўшыларының I-қуралтайы өткерилип,онда күн тәртибинде Туркстан үлкеси халықлары ушын ең әҳмийетли болған рус-тузем мектеплери бойынша мәселе киргизилди. Қуралтайда Туркстан үлкеси делегатциясының басшысы Мунаввварқори Абдурашидханов Туркстанда мектеп ислерин реформа қылыў бойынша баянат жасады. Қызғын талас тартыслардан соң, Туркстанда миллий мектеплерди пайда етиў ҳаққында қарар қабыл етилди. Бул қарар бойынша усы дәўирге шекем болған рус-тузем мектеплери миллий мектеплерге айландырылыўы зәрүр еди; Басланғыш,орта ҳәм жоқары тәлимге бөлинетуғын мектеплерде оқыў ана тилинде алып барылыўы керек; басланғыш тәлим улыўма,мәжбүрий, бийпул 6 жастан болыўы, соның менен бирге мектеп ушын мәмлекет ғәзийнесинен, жергиликли шөлкемлер ҳәм қала басқармаларынан қаржы «жаңа усыл» мектеплери ушын ажыратылыўы лазым деп көрсетилди.

Жадид мектеплери ушын оқыў қолланбаларын жазыў жақсы жолға қойылды. Жадид мектеплерин оқыў қолланбалары менен тәмийинлеўде А.Авлоний (1878-1934) диң қосқан үлеси оғада үлкен. А. Авлоний 1878-жылы 12-июльда Ташкентте дүньяға келеди. Авлоний әсиримиздиң басында үлкемизде ҳәўиж алған жадидшилик ҳәрекетиниң белсендиси. Ол 1907-жылда өз мәҳәллесинде жадиди мектебин ашады. Усы жылы өз үйинде «Шухрат».атлы газетаны баспадан шығарады.
А.Авлоний Жадид мектеплери ушын төрт бөлимнен ибарат, «Адабиёт ёхуд миллий шерлер», «Биринши муаллим», «Екинши муаллим», «Мактаб гулистани», «Туркий гулистон ёхуд ахлоқ»сыяқлы оқыў қолланбаларын жазды. Туркстанда илим ҳәм билимлендириўди дағазалаў ҳәм раўажландырыўда Мунавварқори Абдурашидхановтың қосқан үлеси оғада үлкен. Мунавварқори 1878-1931-жыллар аралығында жасаған. 1901-жылы өз ҳәўлисинде жадидшилик мектебин ашады. Бул жадид мектеплери ушын «Адиби аввал», «Адиби соний», сыяқлы әлипбе ҳәм хрестоматиялар, «Жер жүзи» деп аталған оқыў қолланбаларын жазады.

Жадид мектеплери ушын оқыў қолланбаларын дөреткен (1875-1919 жыллар аралығында жасаған) М. Беҳбудий болып есапланады. Беҳбудийдиң дүнья қарасының раўажланыўында жадидшилик ҳәрекетиниң тийкарын салыўшы И.Гаспиринскийдиң хызмети оғада үлкен. Беҳбудий 1900-жылда ҳажы сапарында болып, бул ҳажы сапары оның жаңа усыл мектеплерине болған көз қарасын беккемлейди. Оның басламасы менен Самарканд әтирапындағы аўылларда жадид мектеплери ашылады. Жадид мектеплери ушын Беҳбудий «Рисолой асбоби совод», «Рисолой жуғрофия умоний», «Росолой Руссий», «Китобат ул атфол», «Тарихи ислом» сыяқлы сабақлықларды жазады.
Жадид мектеплери ушын оқыў қолланбалар 1901-жылда Исҳоқхан Ибрат тәрепинен «Луғати ситта- алсина» шығармасы баспадан шығады. Бул луғат жадид мектеплеринде шығыс ҳәм рус тиллерин үйрениў ушын бирден-бир қолланба есапланған.
Абдиқодир Шакурийдиң «Руҳномоий совод», (Саўат шығарыў қолланбасы) жадид мектеплеринде оқыў қолланба ретинде кең түрде қолланылып келинген. Кеңес дәўиринде жадидлердиң қолға киргизген ири жетискенликлериниң бири, ҳәзирги Мырза Улуғбек атындағы Өзбекстан Миллий Университетине тийкар салынғанлығы болды. Бул университет 1918-жыл 12-майда жадидшилик ҳәрекетиниң атасы Мунавварқори Абдурашидхонов басламасы менен пайда болды.
Миллий дорилфунун жадид халық ағартыўшылығының жоқары басқышлы болғанлығынан дерек береди. «Ўатан ҳәм миллетлер раўажы жолында пидайылық көрсеткен жадид зиялыларымыздың уллы хызметлерин баҳалаў, тарийхый ҳақыйқатлықты тиклеў, жаслардың санасында ғәрезсизлик идеяларына садықлық сезимлерин пайда етиў мақсетинде» Өзбекстан Республикасы президенти И.А.Каримов тәрепинен «Ташкент Мәмлекетлик Университетине», «Өзбекстан Миллий Университети» атын бериў ҳаққында 2000-жыл 28-январда пәрманға қол қойылды.

**Тәкирарлаў ушын сораўлар**.

1 Туркстанда дәслепки Рус-тузем мектеплери қашан пайда болған?

2 Туркстанда дәслепки жадид мектеплериниң пайда болыўында кимлердиң үлеси уллы ?

3 1917-жылы 9-14- май аралығында өткерилген оқытыўшылардың I-куралтайы қандай қарарларды қабыл етти?

4 Туркстанда ашылған дәслепки жадид мектеплери ҳаккында нелерди билесиз?

5 Жаңа усыл мектеплери ушын дәслепки оқыў қолланбалары кимлер тәрепинен жазылды?

6 1918-жыл 12-майда кимниң басламасы менен Туркстан миллий университетине тийкар салынды?

**Жадид миллий баспа сөзи ҳәм мәдений ағартыў шөлкемлери.**

1.Жадидлер тәрепинен ҳәзирги заман миллий баспаханасына тийкар салыныўы.
2.Туркстанда шығарылған дәслепки газета, журналлар

Жадидлер биринши нәўбетте халықтың саўатын ашыў ҳәм жәҳән талаплары дәрежесинде билимли болыўына ҳәрекет етти.Жадидлер баспа сөз ҳәм билимлендириўди раўажландырыў арқалы халықтың көзин ашыўға ҳәрекет қылды.1905-жылдың ақырында жадидлер тәрепинен «Урта Осиёнинг умир гулзорлиги» атлы газета шығарылып, онда мектеп реформаларына ҳәм басқа турмыслық мәселелерге тийисли мақалалар басылып шығарылды.Бирақ бул газета еки айдан соң патша россиясы тәрепинен өз ҳәрекетин тоқтатыўға мәжбүр болды. 1906-жылда Исмайл Обидов басшылығында жадидлердиң «Тарақий» газетасы баспадан шығарылды. Бул газетада билимлендириў тараўында реформалар өткериўге байланыслы пикирлер,үлкениң сиясий админстративлик дүзимин сынға алыў ҳәм мусылманлардың бирлигин тәмийинлеўди өз ишине алған мақалалар басып шығарылды. Соның ушында газета көп ўақыт өтпей, ҳүкимет тәрепинен газетаның баспадан шығарылыўы қадаған етилди..1906-жыл сентябрде «Ҳуршид» (қуяш) газетасы баспадан шыға баслап, онда ықтыятлылық пенен патша ҳүкиметиниң сиясий басқарыў дүзими сынға алынды ҳәм халықтың сиясий санасын оятыўшы мақалалар шығарыла баслады.
1908-жылда «Шухрат» атлы жадид газетасы баспадан шығарылды.Онда басылып шығарылған, М.Беҳбудийдиң мақалаларының биринде жергиликли халық ўәкиллеринен инженерлер,ҳуқықтаныўшылар,врачлар,экономистлер таярлаў ушын жасларды шет еллерге жиберип, оқытыў лазымлығы көрсетилди.Соның менен бирге газетада сиясий турмысқа байланыслы мақалаларда жәрияланып барылды.Бул газеталар көп ўақыт өтпей патша ҳүкимети тәрепинен жабылды.
Кеңес ҳүкимети газеталарды биринен соң бирин жаўып, жадидлердиң ағартыўшылық ҳәрекетине тосқынлық қыла баслады.Бирақ жадидлерде қарап қалмастан, 1913-1915 жыллар арасында «Самарқанд», «Садой Туркстан», «Садой Фергана», «Жанлы тил», «Бухорай Шариф» ҳәм «Туран» атлы газеталарын ҳәм «Ал-ислоҳ» ҳәм «Ойна» журналларын баспадан шығарды.
Жадидлер баспа сөзиниң тарийхына келетуғын болсақ, 1905-жыл 17-октябрде Россияда жүз берген аўдарыспақлар себебинен, патша ҳүкимети Манифест жәриялап,онда халыққа белгили дәрежеде конститутцион еркинликлер бериўге мәжбүр болды.Солар ишинде баспасөз еркинлиги, сиясий шөлкемлер дүзиў еркинлиги берилди. Жадидлер бул имканияттан шеберлик пенен пайдаланды.Бир қатар мәдений шөлкемлер дүзилди.Газета, журналлар шығарылды.Булардың бири 1906-жылдың 27-июнда жарық көрген «Тараққий» газетасы еди. Бул сәне бүгинги күнде Өзбекистанда Республикасында баспа сөз күни ретинде жәрияланды. Бул газета өз дәўиринде үлкен абройға ийе болды деп жазады А.Авлоний, ҳәтте газетаны шығарыўшы Исмайыл Обидовке «Тараққий» аты берилди.
Газетада жергиликли жасларға өз бетлеринен кең орын ажыратылды.1906- жылы сентябрде Мунноварқори басшылығында жадидлердиңекинши газетасы болған «Ҳуршид» газетасы баспадан шығарылды.1907-жыл 1-декабрден баслап жадидшилик

ҳәрекетиниң көрнекли ўәкили Абдулла Авлоний өз үйинде «Ҳуршид» газетасын шығара баслады.
Бул үш газета өз дәўиринде Түркстанда ең итибарлы газеталардан есапланды. Сондай-ақ Ташкентте 1907-жылы Саидазимбай басшылығында «Тужжар» газетасы,1908-жыл Ахмаджан Бектимеров басшылығында «Осиё» газеталары баспадан шығырылды. Самарқандта М.Беҳбудий 1913-жылы «Самарканд» газетасын ҳәм 1913-1915-жыллар аралығында «Ойна» журналының баспадан шығыўында белсендилик көрсетти.Ташкентте 1910-жылларда «Садой Туркстан» (1914-жылы Убайдуллахожаев басшылығында),.Ферғанада «Садой Фергана» (1914-жылы Обиджан Маҳмудов басшылығында),.Бухарада «Туран» (1913 ж) газетасы, «Ал-ислох» (Ташкентте 1915-1918 жылларда ) журналы Абдираҳман Саиеҳ басшылығында баспадан шығарылды.
Ташкентте «Садой Туркстан» газетасына Муновварқори (1978-1931), А.Авлоний (1878-1934), Таволла (1882-1939), Мирмулла (1886-1923), А.Қодирийлар (1894-1938), өз мақалалары менен қатнасты.1910-жыллардың басында Туркстанда жаңа әдебият пайда бола баслады.Бул бойынша 1901- жылы баспадан шыққан. Мунавварқориның «Адиби аввал», «Адиби Соний» Саидрасул Азизийдиң «Устазы аввол», Абдулла Авлонийдиң «Биринши муғаллим», «Екинши муғаллим» мийнетлеринин баспадан шығыўы ағартыўшылық ислериниң раўажланыўында үлкен рол ойнады.Биринши жәҳән урысы жылларында да, соң аўдарыспақ ҳәрекетлери дәўиринде де баспа сөз ҳәм әдебият өз раўажланыўын даўам етти.
Ташкентте Муновварқори «Ножат», А.Баттол «Шорай ислам»,А.Авлоний «Туран»,Ахмет Заки Валидий «Кенгаш», Кабрер Бакир «Улуғ Туркстан», Т.Худоёрханов «Турк сузи», Мухтор Бакир «Халық дорилфунуни»,Самарқандта «Ҳуррият»,(Марданкул Шоҳмуҳаммодзада, Акобир Шаҳмансур,Абдурауф Фитрат), Қоқанда, «Эл байрағы» Полат Салиев,Наманганда, «Фарғана нидоси» (Хусаин Макаев) сыяқлы көплеп газеталар Ашуроли Зоҳирий («Юрт») Маҳмудхожа Ризоий («Ҳуррият»), «Чаён» (Ҳ.Тулаков,И.Тоҳирий), «Ишчилар дунеси» «Изҳорил ҳақ» (Садриддинхужа ибн Шорифхужа Эшон) сыяқлы бир көринип жабылып қалған газета журналлар оғада көп болды.
1918-жылдан баслап социалистлик баспахана иске түсе баслады,оның дәслепки газетасы 20-июннан баслап «Иштирокион» (Социалист) О.Клеблеев, А.Авлоний,Н.Туракулов,А.Донскийлер басшылығында баспадан шықты.Бул газета 1920-жыл 19-декабринен баслап «Қызыл байрақ»,1922-жыл 13-сентябринен баслап «Туркстан» атлары менен баспадан шығыўын даўам етти. «Маориф» (1918 -ж Ташкент), «Болалар йўлдоши» (1919-ж Самарқанд), «Тонг» (1920-ж Бухора), «Қизил тикон» (1920-ж Наманган), «Қизил йўл» (1920-ж Ташкент) сыяқлы өмири қысқа журналлар жарық көрди.
1918-жыл Ташкентте А.Фитрат басламасы менен «Чагатай гурунги» деп аталған әдебий-мәдений шөлкем пайда болды ҳәм Чулпан,Боту,Элбек,Ғулом Зафарий сыяқлы пән ҳәм мәдениятымыз ғайраткерлерин өз этирапына топлады.Бары жоғы бир ярым жыл хызмет көрсеткен бул шөлкем, жәмийет, тил қағыйдаларын ислеп шығыўда,әдебият тарийхын үйрениў,театршылықтың раўажландырыўында үлкен илажларды иске асырды.Бирақ бундай миллий мәдений тиклениў жоллары жабылып барды.Мәдений, ағартыўшылық турмыс эстелик пенен сиясат дүзимине түсип қалды.
Жуўмақластырып айтқанда жадидлер өзлериниң билимлендириў, ағартыўшылық ҳәм сиясий ҳәрекетлерин баспа сөз арқалы кең ең жайдырды.Жадидлер тәрепинен тарийхта биринши мәрте ҳәзирги заман миллий баспа сөз ҳәм баспаханасына тийкар салынды.Миллий өзликти аңлаў,миллий рух ҳәм сананың пайда болыўында,миллий

азатлық гуреси ҳәм ғәрезсизлик идеясын пайда етиўде баспаханалардың үлеси оғада жоқары болды.
Жадид баспа сөзинде Ўатан тәғдири, пухаралық, миллет тәрбиясы мәселелери, миллий мәмлекетшиликти тиклеў,азатлық ҳәм демократия ушын алып барған гүреслерде жадид баспаханаларының әҳмийети оғада уллы.
Жадидлер тәрепинен биринши мәрте китаплар, техникалық қураллар яғный тас баспа, литография ҳәм ҳәзирги заман типографиясының тийкары жаратылды.Тарийхымызда биринши мәрте пайда болған жадид миллий,мәдений ағартыўшы шөлкемлер «Көмек» (1909-23) ҳәм «Дорули ожизини» (1913), ҳайрия жәмийетлери «Жадидлер тудасы» (1904), «Туран жәмийети» (1911-17), «Туран» театр группасы (1913-17) «Туран» китапханасы (1913-23) ҳәм басқалар халқымыздың миллий ағартыўшылық ислерине үлкен үлес қосты.

**Тәкирарлаў ушын сораўлар**

1.Жадидлер халықтың сана сезимин саўатын ашыўда қандай жолдан пайдаланыўды лазым деп тапты?.
2.Туркстанда биринши баспадан шыққан газета журналлар?.
3.Газета, журналлардың жарыққа шығыўына қарсылықтың күшейиўи себеблери ?
4 Жадидлер баспа сөзинде жаслар тарбиясы қандай орын ийелеген?.
5.Биринши жәҳән урысы дәўиринде Туркстанда қандай газеталар баспадан шығарылды?.

## **XX-әсир басында Туркстандағы тарийхый жағдайлар ҳәм жадид миллий әдебияты ҳәм театрының раўажланыўы**.

1 XX-әсирдиң басларындағы Туркстандағы тарийхый сиясий жағдайлар.
2 Туркстанда Өзбек жадид әдебиятының пайда болыўы
3 Туркстанда театрдың пайда болыўы ҳәм оның тарийхый әҳмийети
4 1920-1930- жыллардағы ҳүкимран идеология ҳәм жадид әдебияты.

XX-әсир басы Түркстанда да, Россиядағы сыяқлы ири сиясий ўақыялар менен басланды.1904-1905- жыллардағы Рус-Япон урысы ҳәм бул урыстағы сәтсизликлер үлкедеги сиясий жағдайды жәнеде қыйынластырды.Патша Россиясы өз қол астындағы халықларды жәнеде көбирек тонаў сиясатын иске асырды. Жаңадан қурып питкерилген Красноводск (1898), Оренбург (1905) темир жоллары арқалы үлкениң байлықлары Россия үлкелерине тасып алынып турылды. Россиядан көп миллионлаған адамлардың көширилип әкелиниўи ҳәм олардың ҳасылдар жерлерге орналастырылыўы, жергиликли халықтың болса өнимдар жерлерден қысып шығарылыўы ҳәўиж алды. Билимлендириў ҳәм ағартыўшылық тараўларында болса, ислам қағыйдаларын бузыў, жергиликли халықты русластырыў патша ҳүкиметиниң бас мақсети болып белгиленди.Усы мақсетти көзде тутыўшы рус мәмлекети өз аймағындағы халықлар арасында рус- тузем мектеплериниң санын көбейтип барды.Бул мектеплер жергиликли балаларға дәслепки билимди бериўде, жас ўақтытларынан баслап-ақ олардың ақыл пикирлерин жылаўлап алыўды көзде тутты.
Рус –тузем мектеплерине жергиликли зиялыларымыздың көз қараслары да ҳәр қыйлы болды.
Ғомхорлық қылыўшылар топары, (Сайдғаний Сайдазимбой улы,Саттархон Абдуғаффоров, Сайдрасул Сайдазимов)

Бийкар етиўшилер топары (И. Гаспиринский,Ахмад Закий Валидий, Мустафа Чуқаев) Жергиликли мектеплер жеке мектеплер болып, оларға ҳүкимет тәрепинен көплеген тосқынлықлар қылынды. Әсиресе И.Гаспиралы баслап берген заманагөй «усылы жадид» мектеплерине патша ҳүкимети тәрепинен үлкен тосқынлықлар қылынды. Соларға қарамастан зиялыларымыздың белсендилик ҳәрекетлери нәтийжесинде жаңа мектеплердиң ашылыўы даўам етти. 1903-жылда Түркстанда 102 ден аслам басланғыш, еки орта, жаңа усылдағы мектеплер болған. Патша ҳүкимети тил сиясатына үлкен дыққат қаратып рус тили ҳәм мәдениятының абройының артып барыўына, жергиликли халықтың өз тилинен пайдаланыў имканиятының қысқартылып барыўына әҳмийет қаратты. Руслар Түркстанның байлықларын өзлестириў, халқын қул қылыў менен шекленбеди. Тарийхшы Ахмед Заки Валийдийдиң билдириўинше олар халықтың күнделикли турмысына араласып қоймастан, мәдений, руўхый турмысына да араласты, халықты ҳәр тәреплеме бузыў, езиў, соң өз қурамына сиңдирип алыў сыяқлы мақсетти көзде тутып иске киристи.Тәбияттан қуллыққа көнлигип кете алмаған Туркстан халқы өз наразылықларын дәслеп жасырын түрде, соң ашық айдын билдире баслады. 1904-1907 жылларда Самарқанд ўәлаяты ҳәм аўылларын басқыншыларға қарсы гүреске баслаған Намаз Пиримкул улы басшы болған миллий азатлық ҳәрекетлери қамрап алды.Сиясий шөлкемлерде ҳәрекетке келе баслады.

1910-жыллардың екинши ярымы «Өзбек жадид әдебияты» аты менен тарийхқа кирген жаңа әдебияттың пайда болып раўажланыўына исенимли қәдем таслаған жыллар болды. Миллий баспа сөздиң майданға келиўи менен жаңа әдебияттың мазмун ҳәм бағдары, жанр ҳәм текстлери, көркемлилик пенен байланыслы мәселелери де кең түрде раўажланып халыққа тарқала баслады. Дәўирдиң талап ҳәм зәрүрликлеринен келип шыққан ҳалда социаллық, сиясий темаларға, заманагөй мәселелерге, ағартыўшылық ҳәм азатлық мәселелерине үлкен итибар қаратылды. 1910-жыллардың басында Түркстанда жаңа әдебияттың пайда болыўына, 1901-жылы баспадан шыққан Мунавварқориның «Адиби аввол», «Адиби соний», Сайдрасул Азизийдиң «Устази аввол»,Алиасқар Калининниң «Муаллими соний», Абдулла Авлонийдиң «Биринши муаллим», «Екинши муаллим»,Рустамбек Юсуфбековтың «Талими аввол», «Талими соний», сыяқлы оқыўлық қосықлар ҳәм гүрриңлер топламлары жаңа әдебияттың пайда болыўында биринши тәжирийбе ўазыйпасын атқарды. Абдулла Авлонийдиң «Адабиёт ёхуд миллий шеърлер», Сайдахмад Васлийдиң «Миллий шеърлер», Ҳожи Муинниң «Гулдастай адабиёт» китаплары жаңа өзбек поэзиясының дәслепки үлгилериниң бири болды.Маҳмудхожа Беҳбудийдиң 1911-жылда жазылып, 1913-жылда баспадан шыққан «Падаркуш» драмасы өзбек драматургиясының раўажланыўына кең жол ашып берди. «Фалакатзада» (1911-жыл авторы Абдулраўф Шаҳидий), «Бефарзанд Очилдибой» (1914 - жыл авторы Мирмуҳсин Шермуҳаммедов) сыяқлы ири реалистлик проза тараўлары пайда болды. 1914-жылда басланған Биринши жәҳән урысы ҳәм оған Россияның қатнасыўы Туркстанның өз ғәрезсизлигин тиклеўине имкан туўғызды. Бирақ патша ҳүкимети үлкеде тәртип сақлаўға үлкен дыққат аўдарды.1914-жыл 24- июлда патшаның пәрманы менен Түркстан үлкесинде «Айрықша жағдай» енгизилди.1910-жыллардың екинши ярымында драма тараўы күшли раўажлана баслады. Ташкент, Самарқанд, Қоқандта театр ҳәўескерлери труппалары дүзилип нәтийжели ис алып бара баслады.Бул тараўдың пайда болыўы ҳәм раўажланыўына Абдулла Бадирий (Жуванмарг), «Аҳмақ», Ҳожи Муин «Ески мектеп», «Жаңа мектеп», «Кукнори», «Жувонбозлик қурбони», «Бой ила хизматкор», Нусратулла Қудратулланың («Той», «Кеңес мәжлиси»), Абдулла Авлонийдиң «Адвокатлик осанми», «Сиз ва биз», Абдулла Қадирийдиң «Бахтсиз куёв»атлы драмалық шығармалары жарық көрди. 1916-жылғы мәрдикарлық ўақыяларына

байланыслы драмалық шығармалар пайда болды. Әдебиятымыздың жаңа жанр тараўларының жарық көриўи жүдә қыйын жағдайда кешти. Мысалы М. Беҳбудийдиң 1911-жылы жазылған «Падаркуш» драмасы еки жыл дегенде баспадан шығарылды. Бул драма 1914-жылға келип саҳнаға қойылды. Жаңа заманагөй әдебияттаныў тараўы пайда болды. Заман ҳәм дөретиўшилик, көркем әдебият, тили ,жаңа әдебий жанрлар менен байланыслы мәселелер баспа сөз бетлеринде кең талықланып барылды. Беҳбудий, Авлоний, Фитрат, Чулпан, Ибраҳим Давронлардың бул тараўлардағы дөретиўшилиги жаңа эстетиканың пайда болыўында әҳмийетли рол ойнады. 1910-жылларда Туркстан халықлары руўхый турмысында кең тамыр жайған өзбек жадид әдебияты өзиниң нәтийжелерин қыйын қыстаўлы жигирма жыл ишинде бере алды.

Чулпан өз қосықлары менен өзбек позиясының тийкарын салған болса, А.Қадирий өзбек романшылығы тараўына, А.Фитрат өзбек драма тараўының раўажланыўына тийкар салып әдебияттаныў тарийхынан өзине ылайықлы орын ийеледи. XIX-әсирдиң ақырлары XX-әсирдиң басларында Түркстан үлкесиндеги зиялылар санасында пайда болған миллий ояныў, билимлендириўде ҳәм ағартыўшылықта көрине баслады. Жаңаша пикир жүргизиўши ямаса ағартыўшылар болған жадидлер кең көлемдеги жумысларды алып барды. Олар өз идеяларының жәмийет турмысында беккемленип барыўы, миллий азатлық, сиясий ғәрезсизлик гүреслерине өтиўи ушын жағдайлар жарата баслады. Бул дәўир Түркстанда социаллық сиясий сананың раўажланыўында жаңа басқыш болды. Бул басқышта жергиликли халықтың мәдений ағартыўшылық турмысында үлкен өзгерислер жүз берди, биз буны Түркстан Ренессанс, ямаса ояныў дәўири деп де айтыўымыз мүмкин. Мектеп билимлендириў ислери менен бир қатарда, жадид ағартыўшыларының және бир ири көриниси болып, өзбек миллий баспа сөзи ҳәм ҳәр түрли ағартыўшы шөлкемлери пайда бола баслаған еди. Бул жәмийетлер руўхый ағартыўшылықтың даўамыйлығын тәмийинлеўди ўазыйпа етип қойып, ҳәр қыйлы қаржы дереклерин жаратып жадид мектеплериниң тоқтап қалмаслығын, газеталардың турақлы шығып турыўын, инталы балаларды шет еллерде билим алыўы ушын жибериў мүмкиншиликлерин жаратыў ислери менен шуғылланды. Бул мақсет жолындағы және бир ири қурал бул театр болып есапланды.Театр жадидлер нәзеринде биринshиден «Улуғлар мектеби», «Ибратхана» болып мектеп сыяқлы билим алмақ,идеясын жәриялаўды көзде тутқан еди. Екиншиден Ағартыўшы ҳәм кеўиллилер тамашалары арқалы қаржы топлап билимлендириў, баспа сөз ислерине жумсаў көзде тутылған еди.

Туркстанға татар, азербайжан,рус театр топарларының кирип келиўи өзбек театр тараўының пайда болыўына алып келди.Түркстанның XX-әсир басларындағы баспа сөзинде Европаша театр туриниң бизге кирип келместен алдын, үлкеде театр болғанлығын дәлиллейтуғын материаллар ушырасады.Өзбек театр тарийхын үйренген Б. О. Пестовский «Инқилоб» журналында жәриялаған мақалаларында «Қаракул» қаласына жақын бир аўылда 1909-жылда «Өзбек театры ойналды.» деген мағлыўмат барлығын келтиреди. 1910-жылы Туркстан газетасының санларында тез арада Ташкент қаласында театр ямаса «Муқаллид» ойыны ойналатуғын мусылман жәмийети (Труппа) дүзилетуғынлығы ҳаққында хабар басылған.Улыўма театр мәселесине итибар 1910-жылларда жүдә күшли болған. 1911-жылы Маҳмудхожа Беҳбудий «Падаркуш ёхуд уқумаган боланинг ҳоли» атлы мийнетин дөретти. Бул мийнеттиң баспадан шығарылыўы оғада қыйын кешти. Бул пьесса 1812-жылғы Рус-Француз саўашының руслар жеңиси менен тамамланғанлығының 100 жыллығына бағышланып баспадан шығарыўға рухсат берилди.Бирақ бул пьессаны бизиң үлкемизде емес, ал Кавказ үлкелеринде саҳнаға қойыўға рухсат берилди. 1913-жылдан баслап Ташкентте «Падаркуш» мийнетин саҳнаға қойыў ушын таярлық жумыслары басланды. Режиссёрлық ўазыйпасы татарлы зиялы

Мухаммедёровқа жүкленди. Бирақ таярлық барысы жақсы бармай бул мийнеттиң сахнаға қойылыўы бираз кешикти. 1914-жылда Алиасқар Асқаров Самаркандтан келип, Ташкент ҳәўескерлерине өзин таныта баслады ҳәм режиссёрлық ўазыйпасы оған жүкленди.1914-жыл 27- февралда Ташкенттиң жаңа қаласындағы «Колизей» театрында Падаркуш пьессасы биринши мәрте сахнаға қойылды.

Бул спектакл барлық тәрептен жоқары дәрежеде өткерилди.Ташкентлик ҳәўескерлердиң бул ири жеңислери олардың бул бағдардағы ис ҳәрекетиниң жәнеде кеңейиўи ҳәм раўажланыўы ушын үлкен түртки ийе болды.1914-1915- жылларда «Туран» труппасына татар режиссёры Заки Боязидский ҳәм Мустофо Мансуров көркемлик жақтан басшылық еткен.1914-жыл ақырында труппа Ҳожи Муин ҳәм Нусратулла Қудратулланың «Той» драмасын саҳналастырды. 1915-жылдан баслап «Туран» труппасы миллий драматургиямыздың жаңадан жана үлгилерин саҳналастырып барды.1915-1916-жылларда Абдулла Қодирийдиң «Бахтсиз куёв» Абдулла Авлонийдиң «Адвокатлик осонми» пьесалари сахнадан өз орынын ийеледи. Усы жыллары өз миллий режиссёрларымыз ҳәм жетисип шыға баслады.Низомиддин Хужаев,Абдулла Авлоний, Бадриддин Аъламовлар сахнаның биринши қарлығашлары болды.

Усы жылларда театр санаатының және бир жанры музыкалы драма (опера) театры қәлиплесе баслады.Ташкентте Азербайжанның уллы трогик актеры режиссёр,хонанда Сидқий Руҳилла басшылығындағы азербайжан музикалы театр труппасының гастролда болыўы өзиниң жақсы нәтийжелерин берди..Жергиликли театр ўәкиллери А.Авлоний,азербайжанлы Сидқий Руқилла менен дөретиўшилик байланыста болыўы нәтийжесинде, 1916-жыл 30-декабрде Колизей театрында азербайжан ҳәм Өзбек актёрларының қатнасыўында «Лайли ва Мажнун» музыкалы драма операсы қойылды.Миллий театр идеясы 1910-жыллардың орталарына келип пүткил Туркстан зиялы жасларының пикирин өзине қамрап алды.

«Падаркуш» спектаклиниң Самарканд ҳәм Ташкентте жақсы нәтийжелерге ерисиўи түрли қалалардағы жасларды ғайрат «ат»ына миндирди.Спектакл ҳәм ҳәр қыйлы кеўил ашар тамашалар көрсетиўлеринен түскен қаржылар, «усылы жадид» мектеплерин керекли оқыў қураллары менен тәмийинлеў ушын оғада зәрүр еди.

Егер хронологиялық тәртипте алатуғын болсақ, Ташкент, Самарканд, Қоканд,Каттақорған,Бухара,Андижан,Наманган қалаларында труппалар дүзилип театршылык ҳәрекетиниң кейинги раўажланыўына жағдай жаратылып барылды.

Туркстан аймағында театр ҳәм драматургияның раўажланыўы жәнеде жедел адым атыўы мүмкин еди,бирак бул тараўларға жүдә қатты қарсылық қылған күшлерде пайда бола баслады. Бул қарсылықлардың бири колонизаторлық қарсылық болса, екиншиси , диний қарсылық еди.

Пьессаларды сахналастырыўдағы қыйыншылықлардан және бири цензура рухсатынан өткен мийнетлер ғана ҳәкимлердиң рухсаты менен саҳналарға қойылған.

Жадидлер театрды ибрат мектеби, ибратхана, драматургияны болса, «таъзири адабий» деп түсиндилер ҳәм бул түсиникке бойсынды. Сол мақсетте саҳна мийнетлеринде бийпарўа ибаралар,жаман қылықлар болмаўына ҳәрекет еткен. Ибратханада бийәдеп қатты ҳәрекетлер яки сөзлердиң болыўы мүмкин емес еди, буны биринши театр искерлеримиз эстетикалық принцип дәрежесине көтерген еди.Сол ушында халық театрды кәтаматлы орын деп билди.Сондай қылып Туркстанда жаңаша театр санааты майданға келди, др互мматургия пайда болды.

1920-1930- жыллардағы ҳүкимран идеология ҳәм жадид әдебияты.

1920-жылларда да билимлендириў ҳәм мәдeният тараўында жадидлердиң хызмет көрсетиўи даўам етти. Совет ҳүкимети жадидлердиң өз тәрепине өткенлигин тән алсада,

ис жүзинде оларға қәўипли душпан сыпатында қарады. 1920-жыллардың орталарынан баслап-ақ жадидлерди кескин қаралай баслады.1920-1930-жылларда жадидлерге қарсы репрессиялық ҳәрекетлер басланды.1940-жылларға келип жадидшилик ҳәрекети ўәкиллериниң дерлик ҳәммеси қуўдалаўға ушырап олардың жоқ етилиўи менен жуўмақланды.

Бирақ буннан кейинде жадидлер ҳаққында жақсы гәплер айтыўға мүмкиншилик болмады.1960-жылларға келип жадид ҳәрекети ўәкиллерине тек ғана айыплаўлар тағылды.Солай етип, ҳүкимран идеология өзбек совет әдебиятының пайда болыўы ҳәм раўажланыўы туўрысындағы концепсияны ислеп шықты.Бул концепсия бойынша жаңа әдебият октябрь аўдарыспағы менен бирге туўылған Жаңа әдебият биринши қәдемлерден баслап-ақ «Жасасын советлер», кеңес ҳүкиметиниң барлық ҳәрекетлерин қоллап қуўатлаған. Бул әдебият идеологиялық жақтан сағлам болып, ҳәр қандай жат идеологияларға қарсы гүрескен,биринши қәдемлерден баслап-ақ социалистлик реализм әдебияты сыпатында көринген.Әлбетте, бундай әдебият қатарында жадидлергеде, жадидшилик идеяларғада орын жоқ еди.Совет әдебияты деп аталған жаңа әдебият октябрь аўдарыспағынан соң дәрҳал пайда болған емес.Тийкарынан алғанда 1920-жыллардың орталарында Ғайратий, Ғафур Ғулам, Ойбек,Боту,Миртемир,Шокир Сулайман сыяқлы дөретиўшилердиң майданға келиўи менен байланыслы.Октябрь аўдарыспағынан кейинги дәўирлерде де Мунавваркори Абдурашидхонов,Маҳмудхожа Беҳбудий, Абдураўф Фитрат,Абдулҳамид Чулпан,Авдулла Авлоний,Ҳамза Ҳакимзада, Садриддин Айний сыяклы көплеген жадид ағартыўшылары октябрь аўдарыспағына қандай қатнаста болыўына қарамастан билимлендириў. мәдений тараўында өз хызметлерин даўам еттирди.1920-жыллардың екинши ярымында олар онлап жаңа мектеплер ашты,бул мектеплер ушын ҳәр қыйлы оқыўлықлар жаратты,газета журналларды баспадан шығарып, театр санаатының раўажланыўына үлкен үлес қосты, ҳәр қыйлы руўхый-ағартыўшылық дөгереклерди уйымластырды. Зиёлылардың бундай унамлы ҳәрекетлери большевиклердиң алғысына миясар болған емес,ал олар жадидлердиң ҳәр бир қәдемлерин қадағалап,ҳәр қыйлы мәдений дөгереклерди бақлаў астына алды.

Жадид поэзиясының 1920-жыллардағы раўажланыўы Абдулҳамид Сулайман улы Чулпан аты менен байланыслы. Оның 1920-жылларда «Ўйғониш», «Булоқлар», «Тонг сирлари»деген китапларды баспадан шығарылды.Чулпанның 1920-жыллардағы поэзиясының бас идеясы – инсан ерки, миллеттиң азатлығы мәселеси болған.Сол себепли1920-жыллардағы Чулпан жаратқан поэзияны ҳеш екиленбей жаңа басқыштағы жадид поэзиясы деп атаўға болады.

1920-жыллардағы жадид драматургиясы жүдә нәтийжели раўажлана баслады. Жаңа пайда болған драматик мийнетлер миллий театрдың раўажланыўын пайда етти.1920-жыллардың орталарында жадид драматургиясының ең белсенди ўәкиллери: А.Фитрат,А.Чулпан,Ҳамза болды. А.Фитрат қысқа мүддет ишинде «Темур соғанаси», «Абулфайзхон», «Чин севиш»сыяқлы драмалар жаратты.Булардың ҳәммеси усы жылларда өзбек театр сахналарында қойылды.Жадид драматургиясының раўажланыўына А.Чулпан өзиниң салмақлы үлесин қосты.Оның «Еркиной» драмасы дыққатқа ылайық болды. Бунда Чулпан –еркин инсан ушын ең уллы қадирият сыпатында ерик ҳәм әдалатты көрсетеди.1920-жылларда Ҳамзада жадид руўхындағы драмалар жаратты. Булардан «Қаҳрамон Ўғиз», «Фарғона фожиолари», «Мухторият» мийнетлери. Бул мийнетлер мазмуны жағынан совет әдебиятының талапларына жуўап бермеди. Ҳамзаның «Туҳматшилар жазаси», «Майсараның иши», «Холисхон» мийнетлери совет әдебиятының емес,жадид драматургиясының улгилери еди 1920-жылларда жадид прозасы да жүдә тез

пәтлер менен өсти ҳәм жәҳән талаплары көлеминдеги жетик проза дәрежесине көтерилди.Жоқарыда айтқанымыздай оның раўажланыўы Абдулла Қодирийдиң аты менен байланыслы.1920-жыллардан баслап А.Қодирийдиң «Ўткан кунлар» романы жәриялана баслады.1920-жыллардың орталарына келгенде роман айрықша китап болып шықты. Көп өтпей «Меҳрибдан чаен» романы жәрияланды.Бул еки роман өзбеклердиң мәдений-руўхый турмысында жүдә үлкен тарийхый ўақыя болды ҳәм халық руўхый дүньясының раўажланыўына үлкен үлес қосты.Жадид миллий әдебияты ҳәм раўажланыўы барысынан жуўмақ шығаратуғын болсақ.

XX-әсир басында майданға келген жадид әдебияты октябр аўдарыспағынан кейин өз-өзинен ғайып болып кеткен жоқ,ал керисинше,ол жаңа тарийхый жағдайда ҳәр қандай қуўдалаўларға қарамастан раўажланыўын даўам етти.
Жадид әдебияты 20-жылларда өз раўажланыўының жоқары дәрежесине көтерилди. Бул әдебият көп жанрлы,улыўма инсаний пазийлетлерди өзинде жәмлеўши,ерик ҳәм азатлық,әдиллик идеяларын алға сүриўши әдебият болды.1920-жыллардың ақырында большевиклер әмелге асырған идеология әдебияттың раўажланыўы ушын тосқынлық қылды.Соның ушын 1930-жылларда Абдулла Қодирийдиң «Меҳрибдон чаён» ҳәм Чулпанның «Кеше ҳәм Күндиз» романынан басқа жадид әдебияты үлгиси деп көрсетиўге арзыйтуғын мийнетлер жазылмады.
1920-жыллардағы жадид әдебияты изсиз жоқ болып кетпеди.Ол жаңа дәўир өзбек совет әдебияты ушын үлги хызметин атқарды.
Ғафур Ғулом,Ойбек,Ғайратий,Миртемир,Абдулла Қаҳҳор,Хамид Олимжан сыяқлы жазыўшылар олардың тәжирийбелеринен көп нәрселерди үйренди.

**Тәкирарлаў ушын сораўлар**

1) Жаңа дәўир әдебиятының тийкарын салыўшылар.?
2) Өзбек романшылығының тийкарын салыўшылар кимлер?.
3) Туркстанда театр қандай мақсетлер тийкарында раўажланды?.
4) Дәслепки сахналық мийнетлер кимлер қәлемине тийисли еди.?
5) Өзбек прозасы тараўының раўажланыўына кимлер үлес қосты.?
6) 1920-жыллардың орталарында өзбек драматургиясының ири ўәкиллери кимлер?
7) Өзбек поэзиясының раўажланыўына кимлер үлес қосты?

## Туркстанда халық ҳәрекетлери ҳәм жадидлер

**(1916 жыл мысалында).**

1.Жадидшиликте тарийх тәлим мәселелери.
2.Туркстанда 1916-жыл халық қозғалаңын келтирип шығарған себеплер.
3.Жадидшилик ҳәрекети ўәкилериниң Россия мәмлекетлик думасына қойған талаплары.

Биз жоқарыда айтып өткенимиздей жадидшилик сиясий ҳәрекетиниң негизи, ғәрезсизлик, азатлық идеялары менен терең суўғарылған еди. Жадидлердиң тийкарғы мақсети елди экономикалық жақтан раўажландырыў, халықтың сана сезимин өсириў ҳәм дүньяның раўажланған миллетлери қатарына алып шығыў еди.
Жадидшилик ҳәрекетиниң тийкарғы мақсетлери.
- Халық билимлендириў тараўын реформалаў
- Әдебиятты раўажландырыў
- Заманагөй баспа сөзди пайда етиў
- Ислам догматизмин ҳәм фанатизмин сапластырыў

- Тарийх пәнин раўажландырыў ҳәм өзбек халқының жаңа тарийхын жаратыў

Биз жадидшиликте тарийх ҳәм тарийхый тәлим мәселелерине келетуғын болсақ Маҳмудхожа Беҳбудийдиң «Ҳақ олинур, берилмайдур»деген сөзиниң өзи үлкен әҳмийетке ийе. Бунда ҳәр бир миллет ҳәм мәмлекет халқы өзиниң ҳуқықы,дини ҳәм сиясатына ийе екенлигин, биз мусылманлар әсиресе Туран мусылманлары соны қәлеймиз, ҳәш бир киси бизлердиң динимиз ҳәм миллетимизге зулымлық қылмаслығын ҳәм бизлердиңде басқаларға зулымлық қылыў нийетимиз жоқ деп көрсеткен еди.Тарийхый ҳәдийселерге байланыслы М. Беҳбудийдиң «Қонуни Оврупа» (Европа нызамлары), А. Фитраттың «Раҳбари нажат» (Озатлик йўриқномаси) мийнетлери жазылды. Бул нәрсе олардың басқа мәмлекетлердиң түрмыс тәризи ҳәм нызамларын үйрениўге умтылыўлары, олардың ең жақсы үлгилерин өзлеримизде қоллаў ушын болған умтылыўлары еди. Биз төменде Түркстан жадидлериниң өтмиш,ҳәзирги заман сондай-ақ келешекти өз ишине қамрап алатуғын тарийхый дүньяғ көз-қарасын анығырақ көрсетиў мақсетинде, олардың бир қатар тарийхый мийнетлерине тоқтап өтемиз. Келешекти болжаў өтмиш ҳәм ҳәзирги заман тәжирийбесине сүйенеди деген философиялық ҳақыйқатты жадидлер жақсы түсинип жеткен ҳәм өз мийнетлеринде оларға тийкарланған. Түркстан тарийхына терең кириў, оның раўажланыўының гүллеп жаснаған дәўирлерин ҳәм кризиске ушыраған дәўирлеринде үйренип шығыў жадидлер ҳәрекетиниң тийкарғы ўазыйпалары болған.Олардың тарийхый мийнетлерин арнаўлы үйрениўди талап етиўши көп санлы мақалалар жәрияланды. Жадидлердиң өз ўатаны тарийхына қызығыўлары көп қырлы екенлигин түсиниў ушын А.Фитрат «Тараққий ва танқид», «Истанбул», «Тарихы Муҳаммадий», «Исломнинг мухтасар тарихи». Мирзо Қорининг «Ўз ҳолларимиз», И.Ибратнинг «Тарихи Форғона», «Тарихи маданиёт», М.Беҳбудийдиң «Мирзо Улуғбек» «Бухора», «Тарих ва жуғрофия» мийнетлери жеткиликли.

А.Фитрат тарийхты еки бөлимге бөлген .

Муҳаддес тарийх

Жәмийет тарийхы.

Муҳаддес тарийх дин, пайғамбарлар ҳәм әўлиелер тарийхы болып, олардың ис ҳәрекетлерин түсиндиреди.

Жәмийет тарийхын үш бөлимге бөледи.

Пән ҳәм әдебият тарийхы, тәбийий тарийх, сиясий тарийх. А.Фитраттың: Ўлыўма тарийх дүньяның пайда болыўы, миллет ҳәм мамлекеттиң раўажланыўы, халықлардың социаллық дүзилиси олардың сиясий ҳақ ҳуқықларын үйренеди,- деген пикири туўры. Фитрат тәрепинен муҳаддес тарийхтың арнаўлы ажыратылып көрсетилиўи бул оның тек диндарлықты ҳүрметлеўи бәлки ўақыттың мәлим бөлегинде болып өткен конкрет ўақыя ҳәдийселердиң тарийхы ислам тарийхын жақсы билиўден дерек береди.

Соның менен бирге XX-әсирдиң уллы ағартыўшыларының бири М. Беҳбудийдиң тарийхый дүнья карaслары ҳаққында айтып өтетуғын болсақ оның «Тарийх ҳәм жуғрофия» атлы мақаласында тарийх ҳәм жуғрофия пәнлери сол пайытларға шекем гүналардан ибарат деп есапланып келингенлигин, ҳаслында бул пәнлер жәмийет турмысында оғада зәрүр екенлигин дәлиллейди. Кәмил ҳәм әдепли инсан болыў ушын , әлбетте тарийхты билиў керек, ҳеш бир илим тарийх илимисиз пайда болмаған. М.Беҳбудий «тарийх көп әҳмийетли ҳәм пайдалы бир нәрседур.Тарийхтың пайдалы тәреплери сонда, оны окыў арқалы бир миллеттиң камал табыўы, қайсы жол менен раўажланыўға ерискенлигин оқып оннан үлги алмақ ямаса бир миллеттиң не себеп таназзулге (кризис)ке ушырағанын оқып оннан жуўмақ шығарыў мүмкин» деп көрсеткен еди.

Жадидлер Туркстанның сиясий жағдайын қандай бахалағанлар. Мыс; Беҳбудий өз халқының раўажланыўын тек ағартыўшылық пенен,бәлки сиясий өзгерислер,ғәрезсизликке ерисиў менен байланыстырған. Бирақ Беҳбудий ғәрезсизликке гүрессиз ерисип болмайтуғынлығына түсинип жеткен.Ол өзиниң «Баени ҳақыйқат» атлы мақаласында «Ҳақ олинур,берилмас» деп келтиреди.
Бирақ Беҳбудий басқа көплеген жадидлер сыяқлы ғәрезсизлик,азатлыққа қан төгиўлерсиз, ерисиў тәрептары болып, ҳәр қандай көринислердеги аўдарыспақларға қарсы болған. Оның пикиринше қала ҳәм аўыллардан бир неше ўәкилликлер сайланып, Ташкентте Туркстан ушын керекли әмелий нәтийже беретуғын ҳәр қыйлы нызамлар ҳәм пәрманлар ислеп шығара алатуғын орай дүзиў керек деп ойлады.
Туркстан ғәрезсизлиги идеясы,жадидшилик ҳәрекетиниң бас мақсети болып,бул жолда ўатанымызда XX-әсир басларында ямаса 1916-1924 жылларда алып барылған улыўма халық ҳәрекетлеринен жадидлердиң шетте турмағанлығы мәлим.
Жадидлердиң дәслеп ағартыўшылық бағдарында басланып,кейин ала сиясий түс алып барған хызметлеринде,Туркстан халықларының улыўма миллий ҳуқықлары ушын гүрес мәселелери анық болып,соң баслы мақсетке айланды.Жадидлердиң сиясий гүреслерин 1913-жылда «Туркстан ҳаўазы» газеталарында көтерилген үш мәселеде көриўимизге болады.
1.Сибир темир жолынан баслап, Аўғаныстан ҳәм Эранға шекемги болған аралықта жасап атырған жергиликли халықлар менен руслар арасында ҳуқық ҳәм салық тараўларында теңликти орнатыў.
2.Көшпели турмыс кешириўши мусылманларға аўыл ҳәм қалалардан жай бөлип берилгенге шекем,көшип келип атырған русларға жер бермеслик.
3.Заманагөй ағартыўшылықты раўажландырыў.
Бул мәселелер рус мәмлекетинин миллетшилик сиясатына қарсы қаратылған еди.Туркстанда сиясий,миллий ҳуқықлар ушын гүреслер жыл сайын кескинлесип барды.1916-20-жыллар аралығында ўақыяларда да жадидлердиң тутқан роли оғада үлкен.Бул дәўирлердеги Туркстан ғәрезсизлиги ушын алып барылған гүреслердиң ең дәслепкиси ҳәм ең ириси бул 1916-жылғы халық қозғалаңы еди. Россия империясының басқыншылық сиясатына қарсы Туркстан халықларының ең кескин ҳәм улыўма қарсылығы болған бул қозғаланда, ярым әсир даўамында езилип, хорланып келген халық көтерилип, пүтин үлкени ларзаға келтирди.Тынымсыз мийнет,ашлық азабынан езилген халық бар күшин топлап патша ҳүкиметине қарсы көтерилиске шықты. Бул көтерилис пүткил Түркстан үлкесин қамрап алды, бул қозғалаң халық қүдиретин,олардың нелерге қәдир екенлигин көрсете алды. Ең шетки аўылларда 400-500,ири қала орынларда болса 2500-5000 адам қатнасқан халық көтерилиси патша ҳүкиметинде үлкен албыраўшылықты пайда етти.
Патша императорының Туркстандағы 19 жастан 43 жас аралығында болған ер адамларды фронт арты ҳәм қорғаныў қурылмаларын қурыў ислерине алыныўы ҳаққындағы 1916-жыл 25-июнь пәрманының орынланыўына қарсылық сыпатында басланған бул көтерилис улыўма халық урысына айланды. Халықтың патша ҳүкиметиниң зулым зорлықларынан қутылыў оған шек қойыў мақсетин гөзлегени анық.Бирақ сиясий ҳәм орайласқан басқарыўға ийе болмаған бул қозғалаң,еки тәреп күшлери тең болмағанлығы себепли аяўсыз,жаўызларша бастырылды,қозғалаң көтерген халықтан аяўсыз өш алынды.Қүдиретли толқын сыяклы көтерилген бул козғалаңнан халық мәплери,олардың арзыў-әрманлары жолында қайғырған жадидлер шетте турмады.
Туркстанда 1916-жылғы қоғалаң ҳәм кеңес ҳәкимиятына қарсы гүреслерде белсендилик көрсеткен,1920-жылларда кеңес ҳүкиметиниң қуўдалаўшылық сиясатынан қашып

ўатанын тәрк еткен жерлесимиз Абдулла Ражаб Бойсунның гуўалық бериўинше, Россия императорының мәдикарлыққа алыў ҳаққындағы пәрманынан хабардар болған жадидлер Самарқандта Маҳмудхужа Беҳбудийдин жанына жыйналады. Жадидлердиң ең белсинди ҳәм атақлы ўәкиллериниң бири Муноввврқори Абдурашидханов,Пахловон Ниёз, Усман хожа, Қори Камил ҳәм Обиджан Махмуд қатнасыўында болып өткен ушырасыўында халықты мәрдикарлыққа алыўға қарсылық көрсетиў,қозғалаң уйымластырыў ҳәм Туркстан ушын азатлықты талап етиўге қарар қабыл қылынған.

Жадидлердиң 1916-жыл көтерилиси даўамындағы ҳәрекетлерин тереӊ үйрениў тарийх изертлеўшилери алдында турған ең әҳмийетли ўазыйпалардан бири екенлигин айтып өтиўимиз орынлы.Совет әдебиятларында бул мәселелер надурыс тәризде сәўлеленген. Бунда жадидшилик ҳәрекети белсендилериниң россия императоры пәрманларының орынланыўында советлерге жәрдемлескенлиги ҳаққында кең түрде жазылған.Туркстанның ең белсенди ҳәм таныклы жадидлериниң бул мәселеге парманға ҳәм ҳүкимет ҳәрекетине қатнасыклары ҳаққындағы сақланып қалынған анық мағлыўматлар бундай айыплаўлардың тийкарсыз екенлигин көрсетеди.**Туркстан генерал губернаторлығы мекемесиндеги архив фондында сақланып қалынған ҳүжжетлерде көрсетилиўинше,жадидлер хақыйқатан да мәдикарлыққа алыў хаккындағы пәрманды бийкар қылыў мақсетинде ҳәрекетлер алып барып, Россия Мәмлекетлик Думасына төмендеги талаплар менен Туркстаннан таныклы зиелылар Мустафа Чуқаев,Убайдулла Асадуллахужаевлардың Петербургқа барғанлығы бул сапар ушын зәрүр қаржылар түрли ўалаят жадидлериниң ҳәрекетлери нәтийжесинде топланғанлығы, Ташкентте бул қаржыларды топлаў менен Муноввврқори Абдурашидханов шуғылланғанлығы. Петербургқа барған Туркстан зиялылары мәмлекетлик Думаға муражат етип, пәрманның бийкар етилиўин үлкедеги аўқалды үйрениў ушын арнаўлы комиссия жибериўди талап еткенлиги ҳаққындағы ҳүжжетлер сақланған.** 1916-жылы 17- августа Самарқандқа Россия мәмлекетлик думасы ағзасы Қутлуғ-Муҳаммад Ботиргареев-Тевкелев, 22-августа болса Дума ағзасы Александр Федорович Керенскийлар келди.

Россия мәмлекетлик думасы депутатларҚутлуғ-Муҳаммад Ботиргареев ҳәм Александр Федорович Керенскийлер депутат М.Чуқаев басшылығында 17- августта Ташкенте, 23-августта Буҳарада, 25- августта Андижанда, 26-августта Қоқанда, болып жергиликли халық пенен жүзбе- жүз ушырасыўлар өткерди. Депутатлар Түркстанда болған қозғалаңлар ҳәм олардың себеблери, ҳүкиметтиң үлкеде алып барған сиясаты, қозғаланды жаўызларша бастырылыўы даўамында ислеген жынаятшылық ҳәрекетлерин ең исенимли дерек халықтың арзу-дады, көрсетпелери тийкарында анықлайды, әскерий бөлимлердиң жаўызларша өш алыў ҳәрекети нәтийжелеринен хабардар болды ҳәм өз көзлери менен көрди.

Андижан,Ташкент,Қокан қалаларында депутатлардың халық ўәкиллери менен ушырасыўларында зиялылар бул машқалалардың талықланыўларын Россия Мәмлекетлик Думасының 5-сессиясы мәжилисине киргизиў мәселесин қояды. Олардың талап илтимаслары менен бул мәселе Мәмлекетлик Думаның 1916-жыл 13 ҳәм 15-ноябрь аралығында болып өткен жабық мәжилисинде қаралады. Мажилисте Дума депутатлары Туркстанға сапары шағында халық ҳәм оның ўәкиллери берген көрсетпелер тийкарында баянат қылып, үлкеде жүз берген ўақыялар ҳаққында хабар берди.

Жабық тәризде өткизилген бул мәжилисте Россия ҳүкиметиниң Түркстанда әмелге асырған әдалатсызлыклары, зораўанлықлары, талаўшылық, парахорлық, өш алыў сиясатына байланыслы мағлыўматларды ашып таслады.Бул мағлыўматлар басқа дереклерде,әсиресе сол дәўир баспа сөзинде ҳәм басқада мәмлекетлик ҳүжжетлерде

көрсетилмеген.Себеби патша ҳүкимети өзиниң жаўыз ҳәрекетлерин көрсетиўден бас тартқан.Туркстанда болып өткен ўақыяларда жергиликли халықты айыплап,патша ҳүкиметиниң ҳәрекетин болса мәжбүрий шара сыпатында көрсетиўге урынған,қозғаланды бастырыў даўамында халыққа жеткизилген материаллык шығынлар,қурбанлар жасырылған.

Баспа сөз бетлеринде болса Туркстан халқы бул пәрманды орынлаўға шын ықласы менен кирискенликлери ҳаққында жалған мағлыўматлар берилген. Барлық қарама қарсылықларға ҳәм халық қозғалаңларына қарамастан Туркстаннан мәдикарлыққа алыў 1917-жыл февраль айына шекем даўам етти.

Туркстан үлкесинен мәдикарлыкқа 123 мыңнан көбирек адам жиберилди.Олар Қара Теңизден баслап,Балтик бойына шекемги созылған фронт артындағы аўыр ислерге тартылған. Петроград, Москва, Нижний Новгорад, Қазан, Киев, Харьков,сыяқлы қалалардағы  санаат кәрханаларында, арқа Кавказдағы мыс заволарында исследи. Мадикаршылардың ол жерлердеги аўыр машақатлы турмысы, Сидқийдың «Работчилар келиши», Ҳамзаның «Сафсаргул» «Соғиниб», «Салом айтинг», «Ҳай,паҳлован» қосықларында берилди. 1916 -жылғы тарийхый жағдайларда бул ўақыялардың себеп ҳәм ақыбетлери ҳаққындағы ҳақыйқый мағлыўматларды анықлаў қыйын еди. Бундай мағлыўматлардың Дума мәжилисинде жабық тәризде болса да көрип шыгылып жарияланыўында ҳәм жазба баянатлардың сақланып қалыныўы болса жадидлердиң хызмети болып, ҳақыйқый аўҳалды анықлаўда жүдә үлкен әҳмийетке ийе еди.

Әҳмийетли тарийхый дерек сыпатында баҳаланыўға ылайық болған бул жазба баянатта мәлим болыўынша, Дума депутатлары жадидлер ҳәрекети ҳәм басшылығында халық ҳәм оның ўәкиллери менен болған ушырасыўларда рус империясының парахорлығына, мәрдикарлыққа алыў ҳаққындағы император пәрманының нызамсыз тийкарда қабыл қылғанлығы,оның орынланыўы үлке халқы ушын жүдә аўыр экономикалық ҳәм материаллық қыйыншылыклар келтирип шығарғанлығы анық мысаллар менен келтирген. Қозғалаң көтерген халық ҳукимет әскерлери тарепинен жаўызларша бастырылып, көз көрип қулақ еситпеген дәрежеде жаўызлық пенен жазаланғанлығы, Жиззақ ҳәм Жетисуўдағы аўҳал мысалында тәриплеп берилген. Жиззақ халқы ҳәм халық ўәкиллери, зиялылар менен болған ушырасыўларында анықланған мағлыўматларға тийкарланып, бул ҳаққында депутат Кренский төмендегилерди келтирген.

**«Жиззақта қозғалаңлар жүз бергенде бул жерге пияда, артиллериядан ибарат жазалаў отрядлары жиберилди. Ҳәм оларға жолда ушырасқан жергиликли халықты қырып таслаў буйырылды. Мен Жиззақта бурын ҳәм болғанман. Оның ойран болғанын барып көрдим. Мен, жолдаслар еки фронтта, Батыс ҳәм Кавказ фронтларында болғанман, бирақ бундай жағдайларды көрмегенмен»**деп көрсетеди. Усындай аўыр қыйын жағдайларда халық пенен бирге болған,оның мәплерин қорғаған инсанлар арасында жадид ағартыўшылары ажыралып турды. Усы ўақытқа шекем халықты ағартыўшылық арқалы оятыў, тәрбиялаў,раўажланыўға жетеклеў мақсетинде белсенди ҳәрекет алып барған жадидлер, 1916-жыл қозғалаң мысалында халықтың қүдиретин, беккемлигин аңлап жетти ҳәм бул халықты азатлыққа алып шығыў ушын гүресиў зәрүрлигин түсинип жетти.1916-жылғы қозғалаңнан соң Мунавварқори Абдурашидхонов усы тарийхый ўақыяға бағышланған мақаласында  «Ҳақ олинур, курашиб қон тукиб олинур» деген жуўмаққа келди. Еркинлик, азатлық ҳәм миллий ҳуқықлар ушын гүресиў зәрүрлигин көрсетти.Сондай-ақ жадидлер азатлыққа ерисиў ушын халықты сиясий жақтан тәрбиялаў ҳәм миллий ғәрезсизлик ушын гурес жолында бирлесиў зәрүрлигин аңлап жетти.Түркстанда 1917-жылдан баслап кескин раўажланып кеткен социаллық, сиясий қублыслар,гүреслер толқынында топланып барған

жадидлердиң жаңа дүзим –кеңес ҳәкимиятына қарсы үлкеде алып барған гүреслериндеги роли, олардың бул жолдағы ҳәрекетлери әсиресе усы мақсетлерге бойсындырылған еди.

**Тәкирирлаў ушын берилетуғын сораўлар.**

1.А.Фитрат ҳәм М.Беҳбудий тарийх илимине қандай баҳа берген?
2.1916-жыл 25-июнда Россия императоры қандай пәрман шығарды?
3.Халық қозғалаңының келип шығыўы себеплери неде?
4.Халық көтерилисинде жадидлердиң тутқан орны.
5.Россия мәмлекетлик Думасы 1916-жыл 13-15 ноябр аралығында өтерилген V-сессиясында қандай мәселелерге тоқтады?

## Жадидлер ҳәрекетиниң сиясийласыўы ҳәм Туркстан Мухтариятының дүзилиўи.

1.Туркстан сиясий ояныў дәўиринде.
2.Түркстанда сиясий партиялардың алып барған ҳәрекетлери.
3.Туркстан Мухтариятының дүзилиўи ҳәм тарийхый әҳмийети.

Жадидлердиң бай тарийхый мийрасында, миллий идея ҳәм миллий идеология айрықша орын ийелейди.Жадидшилик тек мәдений ҳәдийсе болып қалмастан,ол сиясий ҳәдийсе де еди.Миллий ойшылларымыз, сиясий ғайраткерлеримиз өз ис ҳәрекетлеринде, мәмлекет ҳәм оның мәдений турмысындағы барлық мәселелерди өз ишине қамтып алған.Жадидлер өз миллий идеясында төмендеги еки мәселеге тийкарғы мақсет итибарын қаратты.
а) Халқымызды дүньяның билимли ҳәм раўажланған миллетлери дәрежесине көтериў.
б) Туркстанда ғәрезсиз миллий демократиялык мәмлекет қурыў.
Жадидлердиң мәмлекет ҳәм жәмийет ҳаққындағы көз-карасларында бул еки мәселе бир-бири менен тығыз байланысқан еди.Себеби миллет билимли, мәдениятлы болыў ушын ол өз раўажланыў жолы менен ҳеш бир мәмлекетке бағынышлы болмаўы керек. Бунын ушын болса, халқымыз eң биринши нәўбетте илим,мәденияты пухта ийелеўи керек еди.Жадидлер бир тәрептен, Туркстан ғәрезсизлиги ушын гүрес алып барған болса,екиншиден Туркстанда ҳуқықый демократиялық мәмлекет қурыў ушын гүрес алып барды.
1917-жыл басларында Петербургта болып өткен сиясий ўақыялар тәсири астында, Туркстанда да сиясий,жаңа жәмийет қурыў ҳәрекетлери басланды.Туркстанның социаллық-сиясий турмысында үлке мухтарияты мәселеси тийкарғы мәселе болып турды.1917- жылдың март,апрель айлары үлкениң сиясий турмысында ояныў дәўири деп аталды. Маҳмудхожа Беҳбудий(1875-1919),Мунbackварқори (1978-1931), Убайдулла Хожаев (1882-1938) Абдурауф Фитрат (1886-1938), Файзулла Хожаев (1896-1938), Мустафа Чуқаев (1890-1941), Муҳаммеджан Тинишбаев (1879-1939), Шерали Латин (1868-1919), А.З.Валидий (1890-1970), Обиджан Маҳмудов (1858-1936) лар үлкеде жанадан дузилген «Шорай Исламия» (1917-ж март), Шурай Улома (1917-ж июн), «Туран» жәмийети «Иттифоқи Муслимин» (1917 ж сентябрь) сиясий партияларының дузилиўинде жетекшилик етти.
Жадидшилик 1917-жылда ағартыўшылық ҳәрекетинен, сиясий ҳәрекет дәрежесине көтерилген еди.1917-жылдың өзинде 4 мәрте Пүткил Туркстан мусылманларының қуралтайы өткизилди. «Шорай Ислам» басламасы менен 1917-жыл 16-23-апрелде Ташкентте болған I-қуралтайға Туркстанның көплеген атақлы адамлары ҳәм сиясий арбаблар қатнасты,олар арасында Мустафа Чуқаев,Мунbackварқори, М.Беҳбудий, Убайдулла Асадуллахужаев,Шералы Лапин,Ахмад Закий Валидий,Ислам Шоаҳедовлар бар еди.Қуралтайдың күн тәртибине 16 мәселе қойылды.Қуралтай үлкеде болажақ мәмлекет қурылыўына арнаўлы тоқталып,Россия қурамында Туркстан Мухториятын дүзиў идеясы алға қойды.Бул идея Туркстан халықларының өз миллий мәмлекетшилигин тиклеў жолындағы дәслепки қәдемлери еди.Қуралтайда орайлык басшы орган болған Туркстан үлке мусылманлары кеңесин дүзиў туўрысында қарар қабыл қылынды.
Бул басшы органды дүзиўдеги тийкарғы мақсет миллий азатлық ҳәрекетлерине орайдан басшылық етиў, бир-бири менен байланыслы болмаған жәмийетшилик шөлкемлерди бирлестириўден ибарат еди.Туркстан мусылманлары орайлык кеңесине Мустафа Чуқаев баслық, Ахмед Заки Валидий бас хаткер, Мунbackварқори, М. Беҳбудий, У.Хожаев, Ислам Шоаҳмедовлар ағзалары болып сайланды. Солай етип,Туркстанның бирлиги ушын әҳмийетли қадемлер тасланды. Тарийхта биринши мәрте пүткил Түркстан көлеминде

мусылманлар қуралтайы шақырылып онда жергиликли халықтың автономия алыўға умтылыўлары, өз дәстүрлери, үрип-әдетлери ҳәм турмысын қорғаў маселелери ҳаққында айтылды. Миллий орай болған – Түркстан мусылманлар кеңеси дүзилди. Бирақ Түркстанда пүткил мусылманлар ҳәм жәмийетлик шөлкемлердиң бирлесиўи барлық орынларда бирдей болмады. Шөлкемлер арасындағы наразылықлар миллий азатлық ҳәрекетиниң бөлинип кетиўине алып келди. 1917- жыл 13- мартта Ташкентте «Шорай исламия»шөлкеми дүзилген еди. Бул шөлкем ағзаларының көпшилик бөлеги жадидлерден ибарат болып олар Туркстан ғәрезсизлиги ушын гурес алып барды. 1917- жыл июнь айында «Шорай Ислам» шөлкеминен «Шорай Улама» шөлкеми ажыралып шықты. Бул еки шөлкемниң сиясий программалары бир бирине сәйкес келмеди.

Бул келиспеўшиликлер ҳаққында М. Чуқаев төмендегилерди билдирген еди.

**«Шорай Ислам» ҳәм «Шорай Улама» арасындағы келиспеўшиликлер, бизиң улыўма гүресимизди әззилетпекте, «Улама жәмийетиниң» программалары бизлердиң миллий ғәрезсизлик ҳәрекетимиздиң душпанларына бизге қарсы қурал бермекте деп көрсеткен еди.** 1917-жылдың 10-сентябринде Ташкентте пүткилтуркстан мусылманларының II қуралтайы өткерилди.Бул қуралтай «Шорай Ислам» басламасы менен шақырылып, ҳәкимияты солдат ҳәм дийхан депутатлары кеңесине бериўге қарсы шықты.

Бул қуралтайда қабыл етилген резолюцияларда миллий демократия өзи тутатуғын жолдың әҳмийетли бағдарларын көрсетип өтти. Бунда:

БиринШиден: Ҳүкимет демократик сиясат жүргизетуғын болса,сонда ғана мусылманлар бул ҳүкимет ислеринеде қатнасады.

Екиншиден: Туркстан мусылманларының орайлық кеңеси үлкедеги жергиликли халықлардың мәплерин қорғаўы керек деп көрсетти.

1917-жыл 17-20- сентябрь аралығында III-мәрте болып өткен бул қуралтай «Уламашылар» менен «Шорай Исламшылар» арасындағы узақ ҳәм қызғын бақсыларға,тартысларға қарамастан келисиў жолын тапты. Қуралтайда «Шорай Ислам», «Шорай Улама», «Туран» ҳәм басқа да сиясий шөлкемлер бириктирилип Туркстан үлкеси ушын бирдей болған «Иттифоқи муслимин» (Мусылманлар аўқамы) деп аталған сиясий партияны дүзиўге қарар қабыл етти. Сиясий партиялардың дүзилиўи олар тәрепинен дәстүрий ҳүжжетлердиң қабыл етилиўи Туркстанда миллий ҳәрекетлердиң кең көлемде ең жайғанлығынан дерек берер еди.Бирақ Петроградтағы октябрь аўдарыспағы ақыбетинде, 1917-жыл октябрь,ноябрь айларында Туркстан үлкесинде, Ташкентте,Қоқанда жүз берген ўақыялар миллий азатлық ҳәрекетиниң пүткиллей басқа бағдардан кетиўине мәжбүр қылды

1917-жылдың 26-28- ноябрь аралығында Қоқан қаласында Туркстан үлке мусылманларының гезексиз IV қуралтайы болып өтти.Оған үлкениң барлық аймақларынан ҳәм жәмийетлик шөлкемлерден 200 артық ўәкиллер қатнасты. Күн тәртибинде үлкени басқарыў усылы,Туркстан орайлық мусылманлар кеңесин қайта сайлаў,Туркстан шөлкемлестириў мәжилиси,милиция,қаржы ҳәм басқада мәселелер қойылды.Бул қуралтайға Ферғанадан 100,Сырдәрьдан 22, Самарқандан 21, Бухарадан 4, ҳәм Каспий арты үлкелеринен 1 уәкил қатнасты.

Куралтайға уәлаят уәкиллеринен басқа «Шорай Улома», «ШорайИслам» мусылман әскерлери кеңеси,үлке яхудийлер жәмийетилери ўәкиллери қатынасты. М.Беҳбудий өз шығып сөйлеўлеринде қуралтайдың ҳуқықый тәрептен нызамлылығы ҳаққында төмендегилерди айтқан еди;

**«Қуралтай қарарлары соның ушын да үлкен әҳмийетке ийе, себеби бул қуралтайға Туркстанның Европалы халық уәкиллериде қатнаспақта»** .Беҳбудийдиң

тәриплеўинше комиссияны сондай дүзиў керек онда түрли мусылман топарлары менен бирге рус, яҳудий ҳәм басқада миллет уәкиллери киритилсин.

Туркстанды басқарыў дизими ҳаққындағы мәселе қуралтайдың дыққат орайында турды.Бул мәселе бойынша сөзге шыққанлардың көпшилиги Туркстанның автоном республика деп жәрияланыўын мақуллады. Автономия ҳәм ғәрезсизликтиң жәрияланыўын ҳәмме қоллап қуўатлады.Үш күн даўам еткен қуралтай мәжлисинде депутат ўәкиллер Туркстанның келешек сиясий дүзими ҳаққында да бир пикирге келди. 1917-жыл 27 -ноябрь күни саат кешки 12 де қабыл етилген қарарда былай делинген еди . «Туркстанда жасап атырған түрли миллетке тийисли халықлар өз ҳақ-ҳуқықларын өзлери белгилеўин көрсетип, Туркстанды Федератив Россия республикасы қурамында аймақлық тәрептен автоном деп жәриялайды. 1917-жыл 28-ноябрде пайда болған бул мәмлекеттиң аты Туркстан Автономиясы деп аталды.

Ҳәкимият қурамы болса төмендегише дузилиўи лазым еди.Шөлкемлестириў қуралтайы шақырылғанға шекем, ҳәкимият толығы менен Туркстан ўақытша ҳүкимети ҳәм Туркстан халық мәжилиси қолында болады.Ҳүкимет қурамына белгиленген 54 орыннан, 18 орын түрли Европалы шөлкемлериниң ўәкиллери ушын ажыратылды.Демократилық рухтағы миллий зиялылар, қуралтайда қабыл етилген дәстүрий ҳүжжетлерге өзине тәнлиги менен ажыралып турған демократиялық идеяларды киритеди. Бирақ қуралтайда түрли сиясий шөлкемлердиң бир пикирге келиўи жүдә қыйын кешеди. Баспа сөздиң гуўалық бериўинше съезд кескин тартысыўлар менен өткен. Қуралтайда Туркстан ўақытша кеңеси ағзалары 8 адамнан ибарат қурамында Туркстан Автономиясы ҳүкимети дүзиледи.

1.Муҳаммаджан Тинишбаев –бас ўәзир,ишки ислер ўәзири.

2.Ислам Султан уғлы Шоаҳмедов-бас ўәзир орынбасары,

3.М.Чуқаев -Туркстан мусылман кеңеси орайлық комитетиниң баслығы.

4.Убайдулла Хожаев - әскерий ўәзир.

5.Юраги Агаев - жер, суў байлықлары ўәзири.

6.Обиджан Маҳмудов- азық аўқат ўәзири.

7.Абдираҳман Уразаев-ишки ислер ўәзири орынбасары.

8.Соломан Абромович Герцфельд - қәржы ўәзири лаўазымларын ийелейди.

Улыўма мусылманлар съездиниң 27-ноябрде қабыл еткен қарары Ташкентте үлкен шов-шувларға себеп болды. 1917- жылдың 6-декабрде Жомеъ (жума) мешитинде өткизилген митинг соннан дерек береди.Оған 60 мыңнан аслам адам қатнасқан. «Улуғ Туркстан» газетасынын хабарлаўынша митингти.Саидғани Маҳмуд басқарған.Газетаның көрсетиўинше жыйналғанлар бир аўыздан Автономияны мақуллайды ҳәм Муваққат (Ўақытша) ҳүкиметтен басқа ҳеш қандай ҳүкимети тән алмаслыққа қарар етеди.

Митингте сөзге шыққанлар Кеңес ҳүкимети бойынша да өзлериниң пикирлерин билдирди. «Улуғ туркстан» газетасының жазыўынша, Халық комиссарлар Советиниң (ХКС) қала думасын тарқатып жибериў ҳаққындағы буйрығы «бүгинги күнде ҳәш мүмкин болмаған ҳадиса» деп баҳалаған. Туркстан үлкесиниң түрли қала аўылларында Автономияны алғыслап көп мың адамлық митинглер болып өтти.

1-декабрде Наманганда 100 мыңнан адамға шамалас адамлар қатнасыўында жыйналыслар болып өтти. Онда «Жасасын Автономиялы Туркстан ҳәм оның ҳүкимети» деп жазылған лозунг сөзлер желбиреп турды.

7-декабрде Қоқан қаласында 42 жәмәәт шөлкемлери қурамынан жыйналған ўәкилликлериниң қоспа мәжилиси болып өтти,онда қабыл етилген қарарда көп миллионлы Туркстан халқына қутлықлаўлар жиберилди.Миллий баспа сөзде Туркстанның атақлы агартыўшылари сиясий ҳәм жәмийет искерлери өз мақалаларында Автоногмияны қутлықладылар.

А.Фитрат өзиниң «Мухтарият» деп аталған мақаласында ишки сезимлерин төмендегише тәрийиплейди.
Елиў жылдан берли езилдик, қорландық, қолымыз байланды, тилимиз кесилди, жеримиз басылды, малымыз таланды, абрайымыз төгилди инсанлығымыз аяқ асты етилди. Күшке сүйенген ҳәр қандай буйрыққа бойсындық, пүтин барлығымызды қолдан бердик, жалғыз бир нәрсе иймнымызды сақлап қала алдық.Туркстан халықларының автономия ушын алып барған гүреслеринде 1917-жыл 13-декабрьде болып өткен қайғылы ўақыя үлкен әҳмийетке ийе.Бул күни февраль аўдарыспағынан соң биринши мәрте туркстан халықларының қаны төгилди. Бул күнде Туркстан ҳүкимети Мовлуди Шориф байрамы күни яғный 13-декабрде «Туркстан Мухтариятының миллий жамғармасына пул жыйнаў күни» деп жәрияланды ҳәм бул қаржыларды ғәрезсизлик ҳәм азатлықты беккемлеўге хызмет қылыўын билдирди.Туркстан автономиясы ағзалары қол қойған бул «Муражаотнама» да съезд қарарлары ҳәм ҳүкиметиниң ис режелери бойынша мағлыўматлар менен бирге пүтин Туркстан халқына шақырык ҳәм бар еди,онда «Туркстанның барлық пухаралары мусылманлар руслар, яҳудийлер, исшилер, сиясий ҳәм жәмийетлик шөлкемлер Туркстан халық ҳәкимияты әтирапына бирлесип,оған жүкленген ўазыйпаларды турмысқа асырыўға жәрдем бериўге шақырды».
Туркстан халықларына өз жерине өзи ийелик етип, өз тарийхын өзи жаратыў ўақты келди. Бизиң алдымызға қойылған мәселелердиң оғада жуўапкершилигин аңлаған халда,өз исимиздиң ҳақыйқатлығына исенген халда биз алла таладан өз ислеримизге табыс тилеймиз ҳәм иске кирисемиз деп көрсетти.Ташкент кеңесине ески қала халқы атынан арза келип онда митинг өткериў ҳаққында сөз етилген.Ташкент кеңеси қарары бойынша митинг Ташкенттиң ески қала бөлиминде өткизилиўи мақулланды.

13-декабрь күни ертелеп саат бесте тәртипсизликлердиң алдын алыў мақсетинде әскерий бөлимлер ески қалаға өтилетуғын жолларды бекитти. Автономиялы ҳүкиметиниң халық арасындағы абройының өсиўи совет ҳәкимиятын үлкен тәшўишке салып қойды.1918-жыл 19-26 январда Ташкентте болып өткен Туркстан үлкеси ишки солдат ҳәм дийхан депутатлар Советиниң айрықша IV қуралтайында Автономия мәселеси айрықша орында турды.
1918-жылы 18-февралда совет ҳәкимияты Қоқан қаласында дүзилген Туркстан автономиясын тарқатып жибериў ушын әскер менен қалаға кирип келип үш күн даўамында қаланы оққа тутды. Нәтийжеде Туркстан Автономиясы ҳүкимети большевиклериниң қанлы ҳүжимлери ақыбетинде аўдарып тасланады. Қоқанда үш күн даўамында тыныш халықтан 10000 адам өлтирилди. Бул ҳаққында сол дәўир газетасы болған «Улуғ Түркстан» газетасы Қоқан ҳәзир «өлик»лер қаласы деп жазады.1918-жылдың 22 февралында кеңес ҳүкимети тәрепинен таярланған «Тынышлық шәртнамасы»на қол қойылды,ол бойынша Қоқанлықлардың тири қалған бөлими кеңес ҳәкимиятын тән алыўға мәжбүр болады.Туркстан ҳүкимети барлығы болып 72 күн ғана өмир сүрген болсада,ол халқымызды миллий ғәрезсизлик ушын гүреске шақырды. Туркстанлықлардың ғәрезсизлик ҳәм автономия ушын алып барған ҳәрекетлери изсиз кетпеди.1918-жыл бәҳәринен баслап Ферғанада ҳәм бақада орынларда миллий азатлық ҳәрекетлери басланды.1918-жылдың 20-апрель 1-май аралығында Туркстан кеңесиниң V-

қуралтайы өткерилип онда Россия федерациясы қурамында Туркстан автоном совет республикасын дүзиў туўрысында қарар қабыл етти.

**Тәкирарлаў ушын сораўлар.**

1.Туркстанда 1917 -жылда қандай сиясий партиялар пайда болды?
2.Ташкентте өткерилген 1917-жыл 16-23 апрел аралығында өткерилген қуралтайда қандай мәселелер қаралды?
3.Туркстан Мухтариятын дүзиў ҳаққындағы пәрман қашан шығарылды?
4.Туркстан мухтарияты не себеп қанға батырылды?
5.Қоқан қаласы ҳаққында «Улуғ Туркстан» газетасы не деп жазады?

**Жадидлердиң кеңес дәўириндеги ҳәрекетлери ҳәм тәғдири**

1 Туркстан жадидлериниң кеңес ҳүкиметине қарсы жасырын гуреслери.
2 Жадидлердиң кеңес ҳүкиметине қарсы үш тәреплеме алып барған гүреслери.
3 Туркстан жадидлериниң кеңес дәўириндеги ҳәрекетлери ҳәм олардың қуўдалаўға ушыраўлары.

Бизге белгили болғанындай, кеңес дәўири тарийх изертлеўшилери жадидшилик ҳәрекетин ярым әсирге жақын ўақыт даўамында қәте бурмалап корсетип келди. Сондай-ақ жоқарыдан компартия орайлық органлары тәрепинен белгилеп берилген көрсетпе тийкарында жадидлер ҳәрекетиниң мазмуны ҳәм әхмийети ҳәр тәреплеме бузып көрсетилип келинди. Кеңес ҳүкиметиниң дәслепки он жыллығы ҳәм оннан кейинги дәўирлерде жәрияланған тарийхый мийнетлерде жадидлер кушли сынға алынды. Бирақ жадидлердиң бул дәўирлердеги ҳәрекети туўрысында ҳәш нәрсе анық көрсетилмеди. Бул болса, өз-өзинен кеңес ҳүкимети дәўиринде жадидшилик ҳәрекети болмаған, «Уллы Октябрь» ден соң бул ҳәрекет ҳеш қандай қарсылық көрсетпестен тез кризиске ушыраған, өз-өзинен жоқ болған деген жасалма пикирлердиң пайда болыўына алып келген.

Ғәрезсизлик себепли архив ҳәм китапханалардың арнаўлы фондларында « қупия» сақланып келинген тарийхый ҳүжжетлердиң «бети ашылып» бул мәселениң шешилиўине жақыннан жәрдем бериў имканы пайда болды. Илимге киргизилген жаңа дереклердиң билдириўинше, жадидшилик улыўма халықлық, улыўма миллетлик ҳәмде улыўма инсаныйлық мәплердиң раўажланыўын қорғаған.

Жадидшилик бир класстың емес, керисинше, миллет ҳәм ўатанды рус басқыншылығынан азат қылыўшы, халықлардың теңлигин тәмийинлеўши социаллық-сиясий, руўхый-ағартыўшылық, күш сыпатында майданға келген ҳәм 1920-жыллардың ақырында шекем хызмет көрсеткен. Соның ушында ол, ҳәрекет сыпатында коммунислик ҳәрекеттен де үстен болды.Жадидлер Туркстанда рус коммунистлериниң сырттан жасалма рәўиште пайда еткен класслық гүреске қарама-қарсы болған, миллий-азатлық ҳәм ғәрезсизлик гүресиниң идеялық тийкарын пайда етти.

Түркстандағы класслық гүрес ҳаққында жадидшилик ҳәрекетиниң руўхый атасы Мунаввар қори Абдурашидханов қамақханада жазған «Хотираларимдан» деп аталған мийнетинде былай деп көрсеткен еди.

«Бизлердиң класслық дунья қарасымыз негизинде классларды бийкар етиў жатады. Бизлер классларды билмес едик, егер ири буржуазия деп есапланған ири жер ийелери ҳәм саўдагерлердиң жүдә аз ғана топары есапқа алынбаса, бизлердиң көз-қарасымызда ҳәмме тең еди. Буржуазия ҳаққында айтылғанда бизлер ири саўдагер ҳәм ири жер ийелерин нәзерде тутқан едик. Бизлер кеңес ҳүкиметиниң мине усыларға емес,бәлки майда ҳәм орта ҳал буржуазияға қарсы алып барған илажларына қарсы болдық. Бизлер тийкарынан майда буржуазия мәплерин қорғадық; Мине усыннан бизлердиң октябрь аўдарыспағынан мәмлекет сиясий турмысында тутқан ролимиз,оларға қарсы алып барған гүресимиз түсиникли болса керек.**Бизлердиң ғәрезсизлик ҳаққындағы уранымыз,биринши буржуа демократик Туркстанды,оннан соң болса қайта шегераланыўдан кейин Өзбекстанды шөлкемлестириў, ҳәкимияты майда ҳәм орта буржуазия қолына бериў туўрысындағы ҳәрекетимиз соннан келип шығады».**

Муновварқори Абдурашидхановтың бул мийнети 1930 -жылда июнь айында жазылған еди Коммунистлик партия беккемленип алыныўы менен-ақ жадидлерде ажыралыў жүз берди. Анығырағы компартия жадидлердеги бирликти бузыўға еристи. Жадидлердиң биринши топары «баспашылық топар» ларына қосылып, ўатан азатлығы ушын гүрести.

Екинши топары болса, коммунистлик қуўдалаўлардан қашып,сырт еллерге кетип сырт еллерден өзлерине баспана тапты.

Үшинши топар. Коммунистлик партия ҳәм кеңес ҳүкимети қатарына кирип, миллет ҳәм ўатан мәплерин қорғаўға бел байлады, ғәрезсизлик ушын жасырын шөлкемлер ҳәм партиялар уйымластырып,еки тәреплеме ҳәрекет алып барды.Түркстан автономиясының жоқ қылыныўы менен «Шорай исламия» ҳәм онын басқа орынлардағы тармақлары да жаўылды.

Жадидшиликте көзге көринген зиялылар ҳәр қыйлы айыплаўлар менен қуўдалаўға алынды. Бул бир тәрептен, екинши тәрептен болса,комунистлик ҳүкимет басшылары миллийлестириў сиясатын көтериў менен бирге еки жүзлемешилик ҳәрекетин қылды. Бул сиясатты сезген жадидлер ҳәрекетиниң үлкен бир топары Муновварқори басшылығында топланып,комунистлик зулымлыққа қарсы үш тәреплеме гүрес алып барыўға мәжбүр болды.

1) Миллий ғәрезсизлик ушын көтерилген «Баспашылық урыс» ларына идеялық тәрептен басшылык кылыў ҳәм олардың қатарында қатнасыў.
2) Жасырын шөлкемлер ҳәрекетин жүргизиў.
3) Совет ҳүкимети ҳәм коммунистлик партияның басқыншылық сиясатын демократик тийкарда сынға алыў.

Булардан ақырғы еки ҳәрекетти әмелге асырыў ушын жадидлер төмендегилерден кең пайдаланды.

1) Мусылман партия шөлкемлериниң ҳәрекетлерин жанландарыў.
2) Ҳәр қыйлы партия ҳәм шөлкемлердиң куралтайларынан кең пайдаланыўды.
3) Жасырын жадид шөлкемлерин пайда етиў ҳәм олардың хәрекетин раўажландырыў.

Ташкентли жадидлер жасырын ис алып барыў ушын, жыйналып турыў тәжирийбеси аўдарыспақтан алдын пайда болған еди. Сол себептен кеңес ҳүкимети ҳәм большевиклерге исенбестен, үлкеде жүз берип атырған жағдайларды талықлаў мақсетинде, 1917-жыл августте жадидлердиң бир топары Ташкентте «Иттиходи тараққий» шөлкемине бирлеседи. Бул шөкем түркиялылар тәрепинен дүзиледи. «Иттиходи тараққий» диң тийкарғы мақсети сиясий характерге ийе болған.Ол жаслардың сиясий ҳәрекетлерин жанландырыў,мектеп ислерин реформа қылыў менен шуғылланған.

Мунавварқориниң жазыўынша, шөлкем ағзаларының саны 50 ге жетпеседе, олардың абройы жүдә жоқары дәрежеде болған. Бул шөлкем сыртқы мәмлекетлерден жәрдем

сорап сырт еллерге еки мәрте арнаўлы адамларды жибереди,бирақ күткен жәрдемлерин ала алмайды.
Биринши,Садирхан ҳәм Саиднасир Миржамиловлардан ибарат болып,1918- жылда Туркияға жетип барған ўақтында жас Туркиялылар ҳүкимети жеңилиске ушырап , тарқасып кеткен еди.
Екинши мәрте Туркстан делегациялары 1919-жылда жиберилди.Бул делегация қурамында Ташкенттен Убайдулла Асадуллахужаев ҳәм Сайднасир Миржамиловлар, Самарқандан Махмудхожа Беҳбудийлар бар еди.

Бул делегацияның Туркстаннан шығып кетиўлери ҳүкиметке мәлим болып оларды қолға алыў ушын буйрық берилди..Асадуллахожаев Москвада, С. Миржамилов Грузияда жасырыныўға мәжбүр болды. М.Беҳбудий ҳәм оның шериклери болса Шаҳрисабзда қолға алынып, Қаршида Бухара әмириниң адамлары тәрепинен өлтирилди.

Маҳмудхожа Беҳбудийдиң өлиминен соң, Мунавварқори Абдурашидхонов жадидшилик ҳәрекетиниң әсиресе оның жасырын шөлкемлериниң басшысына айланды. 1925-жылда Мунавварқори басламасы менен «Миллий иттиҳод» жасырын шөлкеми «Миллий истиқлол» аты менен қайта дузилди.Буған Туркстанның тарқатылып жиберилиўи,1925- жыл 13-майда Өзбекстан Совет Социалистлик Республикасының дүзилиўи себеп болды.Өзбекстанлы жадидлер енди өз алдыларына Өзбекстан ғәрезсизлиги ушын гүресиў ўазыйпасын қойды.Бирақ буның менен олар улыўма түркий дүнья бирлиги идеясын,Түркстан-ата мәкан, улыўма мәдeният ҳәм руўхыйлық ошағы екенлигин бийкар етпейди. Мунавварқори көрсетпеси менен «Миллий истиқлол»орайы ҳәм оның ўәлаят ҳәм басқа орынлардағы тармақлары жаслар менен алмастырылды. Бул шөлкемлердиң орайлық басқарыўлары Мунавварқориниң ең исенимли шәкиртлери Азиз Лазиззода, Салимхон Тиллаханов ҳәм Ғофуржон Мусахановлардан ибарат болды. Халкымыз совет ҳүкимети ҳәм коммунистлик жеке ҳүкимранлыққа қарсы күшлери тең болмасада 1920 – жылларда ашық ҳәм жасырын түрдеги гүреслерин даўам етти.Бул гүресте «Иттиҳоди тараққий», «Миллий иттиҳод» ҳәм «Миллий истиқлол» шөлкемлерине жәмлескен жадидлердиң хызметлери оғада үлкен болды. Бул шөлкемлер тийкарында бир шөлкем болып, дәўир талаплары бойынша өз атларын өзгертип,ғәрезсизлик ушын гурес алып барды.Ғәрезсизликке ерисиў ушын жадидлер төмендеги реал тарийхый жағдайларды есапқа алып,үлкен исеним менен ҳәрекет қылған.

Биринши: Кеңес ҳәкимияты ҳәм коммунистлик жеке ҳүкимранлық өз-өзинен иштен ыдырап кризиске ушыраўына исенген.

Екинши: Кеңес ҳәкимиятына қарсы көтерилген миллий азатлық гуреси (Баспашы)ҳәрекетиниң жеңиске ерисиўине исениў.

Үшинши: Аўдарыспақ тийкарында пайда болған, кеңес ҳәкимиятының сырт ел капиталистлери менен соқлығысыўға ушыраўы ҳәм бул бәсекеде жоқ болыўына исенген. Совет ҳәкимиятының келешегиниң жоқ екенлиги ҳаққында, Мунавварқори былай деп көрсеткен еди. **«Бизлер кеңес ҳәкимиятының Европа буржуазиясы менен болған соқлығысыўында жоқ болыўын нәзерде тутқан едик. Бизлер оның жоқ болыўына исендик, егер кеңес ҳәкимияты кризиске ушыраса,ҳәкимиятты өз қолларымызға алыўға таяр турыўға қарар қылдық»**, бул мәселе бойынша Убайдулла Асадуллахужаевтың баянатынан да мысаллар келтиретуғын болсақ ол **«Кеңес ҳүкимети өзиниң биринши он жыллығына бармастан-ақ әлбетте Европа буржуазиясы менен соқлығысыўда жоқ болады.Егер биринши он жыллықта әскерий соқлығысыўға дус келмесе онда аўҳал бир қанша қыйынласады деп көрсетеди.»**

Кеңес ҳүкимети дәўиринде жасырын ҳәрекетин даўам еттирип атырған «Миллий истиқлол»шөлкеми ҳәм оның ағзалары 1929-жылда кеңес ҳүкимети тәрепинен қолға

алынды. 1929-жылдың 6- октябринде 26 адам, кейиншелик қолға алынған адамлар саны 87 адамға жетти. Олар Ташкент ҳәм Москва қалаларында жаўызларша тергеў қылынды.1931 жылға келип олар үстинен суд ҳүкими шығарылды. Бул суд коллегиясында және 19 ўатанласымыздың жынайы ислери туўралы баянат жасалды. Суд коллегиясы «Миллий истиқлол»иси бойынша айыпланыўшылардың 15 адамына атыў жазасы, 6 адамына 10-жыллық концлагерге алмастырыў шәрти менен атыў жазасы, 25 адамға 10-жыллық концлагер,21 адамына 5 жыллық, 15 адамына 3-жыллық концлагер жазалары берилди.3 адамға бурынғы аўқамының көрсетилген 12 қаласында жасаў ҳуқықынан айырған ҳалда азат қылыў ҳаққындағы қарары қабыл етилди.

Жуўмақластырып айтканда, коммунистлик партия зорлық тийкарында аўдарыспақ жасап, ҳәкимиятты өз қолларына алыўлары менен халқымыздың арзыу- тилеклерине қарсы сиясатын алып барды.Бул сиясаттың мазмун ҳәм әҳмийети ўатан сүйиўшилерди айыпсыз қамаққа алыў,гунаққар қылыў, «халық душпаны» қылыўдан ибарат еди.Тийкарғы мақсет бойсынбас халықты бойсындырыў,оларды бағынышлықта услап турыў,олардың руўхый турмысын ҳәм исенимлерин жоқ етиў,өзлигин аңлаўдан айырыў болды.

«Ким биз билан бирга эмас экан, у душман»деген уранды кең турде қолланды.Солай етип, жадидлердиң миллий азатлық ҳәрекетлери еки басқышта әмелге асырылды. Биринши басқыш, өз ишине 1924-жылларға шекемги дәўирлерди алды. Екинши басқыш, өз ишине 1924-1935 жылларды алды. 1930-1939 жыллар аралығында жадидлер ҳәрекетиниң көрнекли ўәкиллери болған Бабоахун Салимов1929 жылда, Мунавварқори 1931 жылда, Абдураўф Фитрат 1937-жылда,Ашурали Заҳирий1937 жылда,Исқоҳан Ибрат 1937-жылда Муўса Сайджанов 1937- жылда,Файзулла Хужаев 1937-жылда, Абдулла Қадирий 1938-жалда,Абдулҳамид Чулпан 1938- жылда,Убайдулла Хужаев 1938- жылда коммунистлик партия тәрепинен қамаққа алынып халық душпаны деген айыплаўлар менен өлим жазасына буйырылды..

**Тәкирарлаў ушын сораўлар.**

1 Архив ҳәм китапханаларда сақланған, «Купия» сакланған мағлыўматларда жадидлер ҳаққында қандай мағлыўматлар берилген?

2 Мунавварқори Абдурашидханов өзиниң «Хотираларимда» мийнетинде нелер ҳаққында жазады?

3 Қайсы жылларда ҳәм неше мәрте «Миллий истиқлол» шөлкеми сырт еллерге жәрдем сорап өз адамларын жибереди?

4 Ғәрезсизликке ерисиў ушын жадидлер кандай жағдайларды есапка алып исеним менен ҳәрекет еткен?

5 «Миллий истиқлол» шөлкеми кайсы жылы қолға алынып оның ағзалары кандай жазалар менен жазаланды.?

6 1930-1939 жылларда жадидлердиң ири ўәкиллеринен кимлер өлим жазасы менен жазаланды?